ФИФ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№193 (21.101) ● 2007 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 3, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Щыхухэр 2007 гъэм и бжьыхьэм дзэ къулыкъум еджэныр къызэгъэпэщыным теухуауэ лэжьыпхьэхэмкІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1980-1989 гъэхэм къальхуа цыхухэу зи ныбжьыр илъэс 27-м нэмысахэр икІи запасым щымыІэхэр 2007 гъэм и бжьыхьэм дзэ къулыкъум еджэныр къызэгъэпэщын мурадкІэ икІи «Дзэ къальэнхэмрэ дзэ къулыкъумрэ я Іэухэм» Федеральнэ законым ипкъ иткІэ, **унафэ щІ:**

1. Мыхэр къэщтэн:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм дзэм езыджэ и комиссэм хэтхэр;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щІыпІэ самоуправленэм и органхэм чэнджэщ етын военнэ комиссариатхэм, гъэзэщІакІуэ властым и органхэм, республикэм и предприятэхэм, Іуэхущ1апІэхэм, организацэхэм я гъусэу 2007 гъэм и бжьыхьэм щыхухэр дзэ къулыкъум еджэныр ягъэува пІальэхэм кьитІасэу егъэкІуэкІыныр къызэрагъэпэщыну.

3. Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкі министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм чэнджэщ етын республикэм и щрадж пунктхэм, гъщІ гъуэгу станцхэм, автовокзалхэм жылагъуэ хабзэ щыІэныр щыхухэр щраджэ махуэхэм къызэрагъэпэщыну, апхуэдэуи дзэ къулыкъум ираджэным зыщызыгъэпщкІу щыхухэр къалыхьэнымрэ.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и военнэ комиссариатым чэнджэщ етын ягъэува хабзэм тету 2007 гъэм и бжьыхьэм дзэ къулыкъум ираджэ щыхухэр къэрал дактилоскопиэ щыкІэу Іэмал имыІэу къэралым егъэтхынкІэ къызэригъэпэщыну.

5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмрэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и министерствэм къызэригъэпэщын хуейщ щыхухэр дзэ къулыкъум еджэным пыщІа Іуэхугъуэхэр щыхубэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм зыщыгъэльэгъэныр.

6. Мы Указым къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щыщІэдзауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент
КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2007 гъэм фокІадэм и 28-м № 71-УП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2007 гъэм фокІадэм и 28-м къыдигъэкІа Указ №71-УП-мкІэ кІыщтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и езыджэ комиссэм хэтхэр

ГУП НЭХЪЫЩХЬЭР

Кьанокъуэ А.Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентыр (*комиссэм и унафэщІ*)

Гаджибалаев Г.Я. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и военнэ комиссарым и кІулыкъур пІальэкІэ зыгъэзащІэр (*комиссэм и унафэщІым и кІуэдзэщ*)

Къэжэр А.Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщ1ыр (*комиссэм и унафэщІым и кІуэдзэщ*)

Бей Ж.Т. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и военнэ комиссариатым и военно-дохутыр комиссэм и дохутыр-терапевтыр

Бицу В.Г. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэныкІэ и министрыр

Болдышев В.В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и военнэ комиссариатым и военно-дохутыр комиссэм и дохутыр-психиатрыр

Гущей Хь.Б. - Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкі министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм военно-мобилизацэ лэжьыгъэмрэ граждан зыхьумэжныгъэмкІэ и кІуэдамэм и унафэщІыр

Дорохинэ Л.А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министрым и кІуэдзэ

Кьалмыкъ Р.А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и военнэ комиссариатым и военно-дохутыр комиссэм и дохутыр-офтальмологыр

Карданец Л.Ю. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и военнэ комиссариатым и военно-дохутыр комиссэм и дохутыр-стоматологыр

Кьардэн М.Н. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Физическэ культурэмрэ спортымкІэ и кІэрал комитетым и унафэщІыр

Къуэдзокъуэ М.М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Цыхухэр лэжьыгъэ ІэнатІэкІэ кІыхьэгъэпэщынымкІэ и кІэрал комитетым и унафэщІыр

Куклин Ю.Г. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и военнэ комиссариатым и военно-дохутыр комиссэм и дохутыр-дерматовенерологыр

Кіуш А.Т. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и военнэ комиссариатым и военно-дохутыр комиссэм и дохутыр-отоларингологыр

Никулинэ А.Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и военнэ комиссариатым и военно-дохутыр комиссэм и секретарыр (*комиссэм и секретарщ*)

Сэральп Р.Р. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и военнэ комиссариатым и военно-дохутыр комиссэм и дохутыр-хирургыр, дохутыр комиссэм и унафэщІыр

Шыд Л.З. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и военнэ комиссариатым и военно-дохутыр комиссэм и дохутыр-невропатологыр

ГУП КЪУЭДЗЭР

Ярин А.В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІыр (*комиссэм и унафэщІр*)

Ондар А.Ч. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и военнэ комиссарым и кІуэдзэр (*комиссэм и унафэщІым и кІуэдзэщ*)

Абазэ Б.З. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министрым и кІуэдзэр

Алмэ Н.Щ. - «Республикэ клиникэ сымаджэщ» узыншагъэр хъумэныкІэ кІэрал Іуэхущ1апІэм и кІудамэм и унафэщІыр, дохутыр-терапевтыр

Байдаев Р.М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Физическэ культурэмрэ спортымкІэ и кІэрал комитетым и Іэщ1агъэлІ нэхъыщхьэр

Жалиев О.Ю. - «Психоневрологие диспансер» узыншагъэр хъумэныкІэ кІэрал Іуэхущ1апІэм и кІудамэм и унафэщІыр, дохутыр-психиатрыр

Иллаевэ С.А. - «Республикэ стоматологие центр» узыншагъэр хъумэныкІэ кІэрал Іуэхущ1апІэм и кІудамэм и унафэщІыр, дохутыр-стоматологыр

Канунников В.А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэныкІэ и министрым и кІуэдзэр

Дорохинэ Л.А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министрым и кІуэдзэ

Кіуэкіуэ А.Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Цыхухэр лэжьыгъэ ІэнатІэкІэ кІыхьэгъэпэщынымкІэ и кІэрал комитетым и унафэщІыр

Куклин Ю.Г. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и военнэ комиссариатым и военно-дохутыр комиссэм и дохутыр-стоматологыр

Кьардэн М.Н. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Физическэ культурэмрэ спортымкІэ и кІэрал комитетым и унафэщІыр

Мысрокъуэ М.М. - «Республикэ клиникэ сымаджэщ» узыншагъэр хъумэныкІэ кІэрал Іуэхущ1апІэм и кІудамэм и унафэщІыр, дохутыр-хирургыр

Реснянская Л.П. - «Республикэ клиникэ сымаджэщ» узыншагъэр хъумэныкІэ кІэрал Іуэхущ1апІэм и дохутыр-отоларингологыр

Сэральп И.З. - «Республикэ клиникэ сымаджэщ» узыншагъэр хъумэныкІэ кІэрал Іуэхущ1апІэм и унафэщІыр, дохутыр-офтальмологыр

Сасыкъ Б.М. - «Щыпэ-венерологие диспансер» узыншагъэр хъумэныкІэ кІэрал Іуэхущ1апІэм и кІудамэм и унафэщІыр, дохутыр-дерматовенерологыр

Серебрянская Л.В. - «Республикэ клиникэ сымаджэщ» узыншагъэр хъумэныкІэ кІэрал Іуэхущ1апІэм и дохутыр-невропатологыр

Снеговская Е.В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и военнэ комиссариатым и военно-дохутыр комиссэм и медицинэ сестрар (*комиссэм и секретарщ*)

Тыгъуэн А.С. - Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкі министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм военно-мобилизацэ лэжьыгъэмрэ граждан зыхьумэжныгъэмкІэ и кІудамэм и инспектор нэхъыжьыр.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

●Дыгъуасэ

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Махуэшхуэм хэтынухэр къалащхьэм макІуэ

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъур Іэтауэ щагъэлъэпІащ дзи республикэм. Иджы абы хуэгъэпса гуфІэгъуэ зэхьхьэр Москва щекІуэкІынущ.

Мы махуэхэм йожьэ тхыдэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхугъуэр ди къэралым и щыхьэрым щызыгъэлъэпІэну дзыхь зыхуащІа гупыр. Псори зэхэту Москва щекІуэкІыну махуэшхуэм ди республикэм икІауэ цІыху 200-м щІигъу хэтынущ. Дыгъуасэ мафІэгугъкІэ гъэзгу техьащ щІэныгъэлІхэр, тхакІуэхэр, сурэтыщІхэр, журналистхэр. Нобэ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен зи пашэ республикэ учредительнэ, творческэ коллективхэр ежьэнущ.

ГуфІэгъуэ зэхьхьэхэр махуищкІэ екІуэкІынущ, «Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ Республикэхэм я щэнхабзэхэм я махуэхэр» Кремль Уардэунэм жэпуэгъуэм и 5-м къыщызэІуахынущ. КъБР-м и ліыкІуэхэр жэпуэгъуэм и 8 пщІондэ Москва щыІэнущ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.

● Хъыбар гуапэ

Эндреевыр ягъэлъапІэ

Экономикэмрэ финансхэмрэ я лъэныкъуэкІэ иІэ фІыщІэхэм щхьэкІэ Урысей Федерацэм и Президентым 2007 гъэм фокІадэм и 24-м къыдигъэкІа Указымкі «Урысей Федерацэм щыхьэзиІэ и экономист» цІэ лъапІэр фІищащ «Налшык» банкым и правленэм и унафэщІ **Эндреев Борис Аубэчыр и къуэм.**

● Щыуэпс

Дыкъэзыхъумэн Іуэхущ1апІэ

ДЫЗЫСТХЬА жэпуэгъуэ мазэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщІадзэнущ пхъэнкІийхэмрэ кІэрыхубжьрыхухэмрэ щагъэ завод зэхуэуныр. ИтІъэс куэд льандэрэ республикэм и кьалэхэмрэ жылагъуэхэмрэ зыгъэпІейтей мы Іуэхум хухахащ сом мелуани 152-рэ. Абы лэжьэн щІидзэнущ 2009 гъэм. Апхуэдэу Налшык кьалэ зэщІэгъэзкъэбзэным елажь «Спецавтохозяйство» муниципальнэ Іуэхущ1апІэм идъэс куэд льандэрэ къыгъэсэбэпа техникэр щІэкІэ зэрихьуэкІынущ. Куей администрацэхэм я Іэтащхьэхэм унафэ ткІий хуащІащ пхъэнкІий идзыпІэхэм, псом хуэмыдэу псы Іуфэхэм къыщыунэхухэм, кІэлъыплъыну, щІыуэпсыр, зыуфІейкэр хабзэм ирагъэпІэныр къыздэсыгъэпэщынкъым.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

ПІальэкІэ ягъэІэпхъуэ

АДЫГЕЙ. *Хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэм я экономикэ зэхуэсу Мейкъуапэ щекІуэкІыни хуэяр, ятэ щыкІэ жэпуэгъуэм, щхьэкІэ щэкІуэгъуэм трауэхуауэ щытар, ягъэЗэпхъуащ. Ар иджыблагъэ журналистхэм я жэрнІыни республикэм экономикэ зыужьынымкІэрэ сатумкІэ и министр Матіыжь Аслъан.*

ТЫРКУМ и Адыгэ Хасэм и федерацэм и тхъэмадэ Джыхьан Жантемыр Сочи къэулъатэ тельэтэщхьІыпІэм деж иджыблагъэ щауфыду щыналъэм кьызэрымыгъэхьам теухуауэ МатІыжьым жиІащ ар кьызыхэкІам зэрыщымыгъуазэр, спецслужбэм и лэжьыгъэм тепсэлъыхьыну зэрыхуэмейр.

Фигу кьэдгъэтыкІыпІэм деж иджыблагъэ щауфыду щыналъэм кьызэрымыгъэхьам теухуауэ МатІыжьым жиІащ ар кьызыхэкІам зэрыщымыгъуазэр, спецслужбэм и лэжьыгъэм тепсэлъыхьыну зэрыхуэмейр.

Фигу кьэдгъэтыкІыпІэм деж иджыблагъэ щауфыду щыналъэм кьызэрымыгъэхьам теухуауэ МатІыжьым жиІащ ар кьызыхэкІам зэрыщымыгъуазэр, спецслужбэм и лэжьыгъэм тепсэлъыхьыну зэрыхуэмейр.

Сочи деж къыщагъэувыІэри, щІыналъэм къыщарамыгъэхьэу Тыркум ирагъэтхэзэжащ. Ди лъэпкъэгъуэ апхуэдэу ирамыщІэну лъэІуат Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Къэбэрдей-Балъкъэрым я лъэкІуэхэр, ауэ кьикІа щыІэкъым.

Адыгэхэм я экономикэ зэхуэсыр щІагъэЗэпхъуам, Тыркум и Адыгэ Хасэм и федерацэм и тхъэмадэ Джыхьан Жантемыр ди щІыналъэм къыщІрамыгъэхьам и щхьэусыгъуэхэм зэкІэ жэуап я Іэкъым.

Іуэхур псальэмакъым хуокІуэ

АБХЪАЗ. *Курэкъым и унафэщІ Саакашвили Михаил иджыблагъэ щитащ интервьюм щыжиІащ и президент пІалъэр имыкІ щІыкІэ Курэкъым и щІыналъэхэр дызэгъуэсу зэщІэтІкъуэжыну. Дэ иджыпсту дызытетыр Абхъаз Ипщэм дыхуэзышэ гъуэгуркъым, атІэ Сыхьэм хуэкІуэрщ. Курэкър зэгухьэжьи хуейщ. АбыкІэ дэ зыри зэран кьытхуэхуфынукъым.*

Абхъазым и Президент Іэтэшвили Сергей курэкъ унафэщІым и псальэхэм пэджажь кьыхигъэщащ: «Саакашвили Михаил Курэкър зэщІикъуэжыну хуитщ Ингури деж щегъэжьауэ кьэралым и курыкупсэм изсыхэу. Ауэ Абхъазым абы хуиІуэху щыІэкъым, Курэкъми дэ зыкІи дыпыщІакъым. Абхъазыр кьэралыгъуэ щхьэхуэщ.

Ди гуапэ хъунущ Саакашвили Курэкър имыгъэлъэлъэжыпэу ар хуэгъэбыдэу щытмэ».

Республикэм игъэлъэгъуэн и мащІэкъым

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Иджыблагъэ Сочи щекІуэкІа бизнес форумкІэ инвестициэ фокъуэмым республикэм инвестору 7-м зэгурымІуэныгъэхэр щаригъащІалІащ. Псори зэхуэту проектхэм сом мелард 41-рэ я уасэм.*

КЪЭРЭШЕЙ-Шэрджэсым инвестицэ форумым проект 19 щигъэлъэгъуащ мелард пщІырыпщІ я уасэу. Республикэм Сочи кьалэ щигъэува стендхэм кьрихьэлІащ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир икІи ильэгъуахэмкІэ арэзы хъуащ.

Къэралым и унафэщІыр нэхъ дахьэхащ «Архъыз» турист комплексым зегъэужьынымрэ Черкесск - Адлер федерал автомобиль гъэгурэухэнымрэ я проектхэм.

Къэрэшей-Шэрджэсым и Президент Батдыев Мустэфарэ «Евроцемент» компанием и унафэщІ Скороход Михаилрэ Сочи щызэгурыІуащ Усть-Жэгуэгэ иджырей цемент завод щауэгъуэну. Абы и проектыр гъэзэщІэным сом мелард 15 ихьынущ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Къэрал Думэм

Дыгъуасэ УФ-м и Федерацэ Зэхуэсым и Ищхьэрэ палатэм щытепсэлъыхьащ Іуэху куэдым. Абыхэм ящыщщ «Курэкъм и властхэм демократием и бийуэ ирагъэкІуэкІ политикэмрэ абы цІыхум и хуитыныгъэхэм зэрыщебакъуэмрэ теухуауэ» кьащта унафэр.

Апхуэдэу депутатхэр хэпльащ «Дачэ амнистиекІэ» зэджэ хабзэр егъэфІэкІуэным и Іуэхум. Абы теухуа проектыр ящэ еджэгъуэкІэ арэзы техьащ Олимп корпорацэ зэгухьэныгъэр кьызэгъэпэщыным. Ар елэжьынущ ди къэралым 2014 гъэм щекІуэкІыну щІымахуэ зэхьхьэхуэхэм зыхуэгъэхьэзырыным.

Партым хэмытми...

УФ-м и Президент Путин Владимир арэзы хъуащ мы гъэм дыгъэгъазэм екІуэкІыну парламент хэхыныгъэхэм «Зыуэ щыт Урысей» партым и федерал спискэм и пашэу зригъэтхыну. Ауэ абы кьыхигъэщхьэхуэкІащ езыр зы партми зэрыхэмытыр.

Урысейм и Хэхакіуэ комиссэ нэхъыщхьэм и Іэтащхьэ Чуров Владимир жиІащ Путин ича лъэбакъуэр хабзэм зыкІи пэщІэмыувэу.

«Щыналъэхэр» ящэ итщ

Украинэм щекІуэкІа зи мычэзу парламент хэхыныгъэхэм бжьыпэр щиуБыдащ «Щыналъэхэм я партым».

Абы и тельхьэу кьэзыВауэ кьэалъытэ хэхакІуэхэм я процент 34-м щІигъур. Тимошенкэ Юлие и блокыр процентыр 3-м нэхърэ нэхъыбэкІэ кьыкІэрыхуащ. Президент Ющенкэ Виктор и партым и тельхьэу кьэувар процент 14-м зэрыщІигъу щыІэкъым. Апхуэдэу Радэ Нэхъыщхьэм пхырыщІ коммунистхэр - процентыр 5, Литвин и блокыр - процентыр 4.

Хэхыныгъэхэм кьариКІуэхэр КІэуэхуу Есенин Сергей (1895 - 1925) кьыщалъхуа махуэщ.

♦ Ильэси 110-рэ и пэкІэ кьалъхуащ франджы тхакІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ, Мамырыгъэм и дунейпсо саугъэтым и лауреат Арагон Луи (1897 - 1982).

♦ Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэтэ 7-рэ дакьикъэ 8-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 18-рэ дакьикъэ 44-м.

♦ Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 11-рэ дакьикъэ 36-рэ.

ПІалъэр зыгъэхъэзыр **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

щІэ хьІтыгум бадзэуэгъуэм сом мелуан 800, шыщхьэІум сом мелуан 600 хуаутІыпщащ, жэпуэгъуэм аргуэру сом мелуан 600 иратынущ. Псори зыхуэгъэзар псэупІэншэу кьэнахэр фэтэрхэмкІэ кьызэгъэпэщынырщ. Унагъуэ 1500-м псэупІэ сертификатхэр ираташ, нэгъуэщІ кьалэхэм фэтэр кьыщащэхуну хунту.

Хэхыныгъэхэм хуэкІуэу

Дыгъуасэ Хэхакіуэ комиссэ нэхъыщхьэм яІихащ Аграр партым, Ижь къарухэм я зэгухьэныгъэм, КПРФ-м я федерал спискэхэр.

Абыхэм я мурадщ езыхэм я кандидатхэр хэхыпІэ участкэ псоми щагъэльэгъуэну.

Нэхъ псыежэх шынагъуэ дыдэм тету

Дыгъуасэ Новосибирск и спортсменхэр гъуэгу теуващ. Абыхэм Непалым щыІэ Эверест (Джомолунгмэ) бгым - дунейм щынэхъ льагэ дыдэм - и щІагъым щежэх псым езыхэм я кьарур щагъэунэхунущ.

Спортсменхэр а псым кхъуафэжьей цІыкІухэмкІэ екъинущ. Ар псэзэпылъхьэпІэщ - мы псыр дуней псом щынэхъ шынагъуэ дыдэу кьалъытэ. Арщхьэкіэ, езы щІалэхэм зэрыжаІэмкІэ, абыхэм сыт и лъэныкъуэкІи егугъуу зыхуагъэхьэзыращ апхуэдэ гъэунэхунигъэм.

(ИТАР-ТАСС).

НОБЭ

♦ Германие Федерацэ Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъуэщ - герман зэхэтыныгъэм и махуэщ (1990).

♦ Корее Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъуэщ - къэралыр кьыщыІэзрагъэпэща махуэщ.

♦ Жэпуэгъуэм и 3 - 6-хэм Азербайджаным щекІуэкІынущ Москва и щэнхабзэм и махуэхэр.

♦ Жэпуэгъуэм и 3 - 4-хэм Берлин щекІуэкІынущ иджырей гъуэзджэм и дунейпсо жармыкІэ.

♦ 1933 гъэм кьызэрагъэпэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым уэрэдымрэ кьафэмкІэ и «Кабардинкэ» ансамблыр.

♦ Урысей, совет усакІуэщхуэ Есенин Сергей (1895 - 1925) кьыщалъхуа махуэщ.

♦ Ильэси 110-рэ и пэкІэ кьалъхуащ франджы тхакІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ, Мамырыгъэм и дунейпсо саугъэтым и лауреат Арагон Луи (1897 - 1982).

♦ Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэтэ 7-рэ дакьикъэ 8-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 18-рэ дакьикъэ 44-м.

♦ Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 11-рэ дакьикъэ 36-рэ.

ПІалъэр зыгъэхъэзыр **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

ЗиІэм къыщІэмыкІми, къыщІэткІунщ.

Олимп гугъапІэхэр

Налшык щыщІидзащ «Олимп гугъапІэхэр» топджэгу зэхьэзэхуэр. Абы хэтщ 1996 - 1997 гъэхэм кьалэхэ ныбжьыщІэхэр. Зэпеуэр егъэкІуэкІыныр зи жэрдэмыр Сабий творчествэмкІэ кьалэ центрымрэ КъБР-м Физкультурэмрэ спортымкІэ и къэрал комитетымрэщ. Мы махуэхэм ар щекІуэкІынущ «Спартак» спорткомплексым. Зэхьэзэхуэм щызэІущІэнущ топджэгу гупхэу 31-рэ е щІыху бжьыгъэ 300-м нэблагъэ. Зэхьэзэхуэм кьрикІуэхэр ныІуэ кьэхъунущ мы тхьэмахуэм кьриубыдэу.

ЛЬОСТЭН Музэ.

● Зэпеуэхэр

КъБР-м и Президентым и сайтым къихьа упщIэхэм я жэуапхэр

Псыр и фIагъын хуейм хуэфащэщ

«Дызэфэ псыр ди къуажэм щызэкIэлъымыкIуэщ. Уеблэмэ уефэ хъуну пIэрэ жыпIэу, абы шэч уегъэщI. АбыкIэ Iуэхур зыIутыр зэхэвгъэкIыну, зыгуэрхэм я унафэ щIэмыт экспертизэ псым девгъэкIуэкIыну сыныволъэIу».

Къаныкъуэ.
Дыгулыбгъуей къу.

Жэуап ирет КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **Чеченов А.А.:**

- Дыгулыбгъуей и Iэгъуэблагъэм учетым щыщытщ яубрууа псы къыщIэшыпIэу 10. РоспотребнадзорымкIэ управленэу КъБР-м щыIэм абы щыщу лажьэ 8-р (тIур ягъэувыIащ, ягъэкъэбзэн щхьэкIэ) къипщытати, 2-м (ЩэнхабзэмкIэ унэм пэгъунэгъуу щыIэр, Бахъсэн псыхъуэм дэтыр) санитарие и лъэныкъуэкIэ зыхуей хуэзэу ямыхъумэу къыщIэкIащ.

«КъБР-м гигиенэмрэ эпидемиологиемкIэ щыIэ центр» ФГУЗ-м и къудамэу Бахъсэн районым щыIэм микробиологие и лъэныкъуэкIэ къипщытэн щхьэкIэ пробэ 11, санитар-химие къэпщытэныгъэ щхьэкIэ проби 10 къищтащ. Къащта а пробэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, централизованнэ щIыкIэу псы зэфэнкIэ къыщызэрагъэпэщым деж псым иIэн хуей фIагъым къотIасэ. Псы къыщIэшыпIэхэр къабзэу щыгъэтыныр къызэрызэримыгъэпэщым къыхэкIыу «Бахъсэн къалэ псы кIэнауэ» муниципальнэ унитарнэ предприятэм и директор Абазэ А.З. ехьэлIауэ административнэ протокол ятхащ икIи абы унафэ хуащIащ никъусаныгъэхэр игъэзэкIуэжыну.

Безенги къуажэм и гъуэгухэр зэрагъэпэщыжыным зыхуагъэхьэзыр

«Сэ нэстхыгъащ Безенги къуажэм гъуэгухэр икъукIэ зэрыщызэкIэлъымыкIуэр. Дэ дыкъагъэгугъауэ щытащ мыгувэу ахэр зэрагъэпэщыжыну. Ауэ зэрагъэпэщыжар километри 5 - 6 хуэдиз къудейщ».

Саракуев Б.

Жэуап ирет КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **Чеченов А.А.:**

- «ДЭУ-3» ООО подряд организацэм дызэрыт илъэсым Бабыгуэнт-Безенги автомобиль гъуэгум лэжьыгъэхэр щызэфIигъэкIащ ар щIымахуэм зехьэн и лъэныкъуэкIэ. Гъатхэ е гъэмахуэ лъэхъэнэм зэрагъэпэщыжащ мывэкIэщхъ зытелъ гъуэгу Iыхьэр, мыдрейуэ асфальт зытелъ Iыхьэм кумблIэмбхэр щагъэсеижащ. Гъуэгум шынагъуэншэу щызекIуэн и лъэныкъуэкIи Iуэхугъуэхэр ялэжьащ: машинэ дэмыжэхын щхьэкIэ, гъуэгу Iуфэхэр гъущI-бетонкIэ ягъэбидащ, узыгъэсакъ пкъо цIыкIухэр, гъуэгу дамыгъэхэр ягъэуващ. Псори зэхэту сом мин 497-рэ и уасэ лэжьыгъэ зэфIагъэкIащ. Мы зэманым лэжьыгъэ ирагъэкIуэкI мывэкIэщхъ зытелъ гъуэгухэм кумб-лIэмбхэр щыгъэсеижыным теухуауэ. Гъуэгу лэжьыгъэхэм я программэм и проектым ипкъ иткIэ, 2008 - 2015 гъэхэм зэфIагъэкIыну лэжьыгъэхэм хагъэхьащ а гъуэгур зэгъэзэхуэжыныр. Абы щыщу 2008 гъэм - километри 8,6-рэ зи кIыхьагъ гъуэгу Iыхьэр, IэрыщI гъуэгу метри 116-рэ хъур, 2003 гъэм - километри 8 зи кIыхьагъ гъуэгу Iыхьэр; 2010 гъэм - километр 29,8-рэ, IэрыщI гъуэгу метр 13,5-рэ. Лэжьыгъэхэр езыгъэкIуэкIынухэр мы зэманым ягъэбелджылащ, зэгурыIуэныгъэ зэращIылIащ икIи а объектымкIэ ягъэхьэзыр проект-сметэ документацэр.

Iуащхьэмахуэ лъапи а лэжьыгъэр щокIуэкI

«Иужьрей илъэси 4-м сэ сыщопсэу Эльбрус къуажэм. Iуащхьэмахуэ лъапэр Къэбэрдей-Балъкъэрым, Урысейм я мызакъуэу, дунейм щынэхъ дахэ дыдэ щIыпIэщ. Иджыблагъэ Шхельдэ дыщыIат зыдгъэпсэхунуи, ди нэгу щIэкIа дахагъэм, зыхэтщIа дэрэжэгъуэм, хьэуа къабзэм къыдэкIуэу дигу иримыхьа гуэрхэми дрихьэлIащ. ЛъэIукIэ зывхузогъазэ Iуащхьэмахуэ лъапэм и гъуэгухэм зыгуэр ефщIэну».

Высокинэ О.Н.

Жэуап ирет КъБР-м транспортымкIэ, связымкIэ, гъуэгу хозяйствэмкIэ и министр **Сунш А.А.:**

- ЩIыналъэ гъуэгухэр зехьэным хуаутIыпщ ахъшэм и хьэкъкIэ подряд гъуэгу организацэхэм лэжьыгъэ ирагъэкIуэкI метр зэбгъузэнатIэ 360-рэ къызэрыкI гъуэгу Iыхьэм кумблIэмбхэр щыгъэсеижын, километри 6.6-рэ зи кIыхьагъ гъуэгу Iыхьэм и гъунэхэр грейдеркIэ зэтес щIын, метр зэбгъузэнатIэ 3000 къызэрыкI, мывэкIэщхъ зытель гъуэгу Iыхьэр зэфIэгъэувэжын я лъэныкъуэкIэ, апхуэдэуи лъэмыжхэр, гъуэгу Iуфэхэм тет сооруженэхэр ялэ, сэху ират. Апхуэдэ лэжьыгъэхэм псори зэхэту сом мини 180-рэ трагъэкIуэдэну я мурадщ. КъБР-м и Президент Къанокъуэ А.Б. 2007 гъэм бадзэгъуэм и 4 - 5-хэм Эльбрус районым щригъэкIуэкIа зэIущIэм щыжиIахэм япкъ иткIэ, Бахъсэн Ипщэ, Гундэлэн, Былым, ЛашкIутIэ, Бедыкъ къуажэхэм 2007 гъэм шыщхьэIум и 30 пщIондэ гъуэгухэр щызэрагъэпэщыжын, гъуэгубгъу лъэс зекIуапIэхэр щащIын хуеящ метр зэбгъузэнатIэ 16290-м, сом мелуани 3,4-рэ текIуадэу. 2008 - 2015 гъэхэм ирагъэкIуэкIыну ухуэныгъэ, реконструкцэ лэжьыгъэхэм я программэм ипкъ иткIэ, Прохладнэ - Эльбрус автомобиль гъуэгум хэкIыу «Джантуган» альплагерым хуэкIуэ гъуэгур бгым къех ятIэпсым щызыхъумэ километри 7,3-рэ и кIыхьагъыу яухуэнущ, Тырныауз къалэм зэрекIуалIэ гъуэгу километри 6,2-рэ, Эльбрус къуажэм зэрекIуалIэ гъуэгур - километри 3,4-рэ - реконструкцэ ящIынущ.

Министерствэм апхуэдэуи хьыбар фегъащIэ 2008 - 2012 гъэхэм Iуащхьэмахуэ лъапэ узыншагъэр щызэфIагъэувэж комплексым автомобиль гъуэгухэр щыухуэным, реконструкцэ щыщIыным теухуа Iуэхугъуэхэр «Урысейм и Ипщэ лъэныкъуэ» программэм аргуэру хагъэхьэн щхьэкIэ мы гъэм и шыщхьэIу мазэм УФ-м ЩIыналъэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм, УФ-м ТранспортымкIэ и министерствэм и Федеральнэ гъуэгу агентствэм зэрахуигъэхьамкIэ. Абыхэм къыщыгъэлъэгъуащ а псоми сом меларди 2-рэ мелуан 589,9-рэ трагъэкIуэдэну, абы щыщу: 2008 - 2010 гъэхэм Кисловодск-Нарзан ауз - Джылы-Су - Эльбрус автомобиль гъуэгур реконструкцэ щIыным - сом зы мелардрэ мелуани 150-рэ; Бахъсэн къалэмкIэ дэкI Прохладнэ -Эльбрус автомобиль гъуэгум къыхэкIыу «Джантуган» альплагерым екIуалIэ гъуэгум бгым къех ятIэпсыр къытезымыгъэлъэдэн метр 30 и кIыхьагъыу ухуэным - сом мелуани 100; 2009 гъэм Шхельдэ псом телъ, метр 50 зи кIыхьагъ лъэмыжыр, Адыл - Су телъ, метр 40 зи кIыхьагъ лъэмыжыр, Бахъсэн къалэмкIэ дэкI Прохладнэ - Эльбрус автомобиль гъуэгум къыхэкIыу «Джантуган» альплагерым екIуалIэ гъуэгум - сом мелуан 75-рэ; Прохладнэ - Эльбрус гъуэгум къыхэкIыу Адыр-Су щIыпIэм хуэкIуэ гъуэгур 2010 гъэм реконструкцэ щIыным - сом мелуани 165-рэ; Былым къуажэмкIэ дэкIыу Джылы-Су-Эльбрус автомобиль гъуэгур 2011 - 2012 гъэхэм ухуэным - сом мелуан 847,9-рэ; Бахъсэн къалэмкIэ дэкI Прохладнэ - Эльбрус автомобиль гъуэгум къыхэкIыу Былым къуажэмкIэ дэкIыу Шэджэм псыкъелъэхэм кIуэ гъуэгум - сом мелуани 152-рэ.

• ТхылъыщIэ

«Мывэмрэ удзымрэ»



Балъкъэр усакIуэшхуэ Кулиев Къайсын и къалэмыпэм къыщIэкIа усыгъэ хьэлэмэтхэр урысыбзэрэ инджылызыбзэкIэ зэдзэкIауэ зэрыт тхылъыщIэ дунейм къытехьащ. Ар зи жэрдэмыр усакIуэм и цIэр зезыхьэ псапащIэ фондырщ.

Тхылъым пэублэ псалъэ хуэхъуащ и гъащIэм и къекIуэкIыкIам, и лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэм, лъэпкъ усыгъэр здынэса гъунапкъэхэм теухуауэ 1976 гъэм Кулиевым игъэхьэзырауэ щыта тхыгъэр. Абы щыгъуазэ дещI Къайсын и сабиигъуэр гугъусыгъуу зэрыщытам, пасэу и адэр дунейм зэрехыжам, быныбгъу ипIыныр пщэрылъ зыхуэхъуа и анэ Узеирхъан ямылейуэ гуащIафIэу, бэшэчу къызэрыщIэкIам, абы къиIуэтэжа хъыбархэр, таурыхъхэр, къыжриIэгъа уэрэдхэр и творчествэм икъукIэ сэбэп къызэрыщыхуэхъужам, Хэку зауэшхуэм и зэманым гъуэгуанэ хьэлъэ Iэджэ зэрикIуам, къигъэсэбэпа художественнэ Iэмалхэм хэкIыпIэ яхуэхъуахэм.

Тхылъыр Кулиевым и гъащIэм щыщ теплъэгъуэхэр ди нэгу къыщIэзыгъэхьэ сурэтхэмкIэ екIуу ягъэщIэрэщIащ щэнхабзэм и лэжьакIуэхэу, журналистхэу Болатов Юруслан, Аккизовэ Асият, Янковский Дмитрий, Шахмурзаев Алексей сымэ.

ШЭДЖЭМОКЪУЭ Мурадин.

КЪАШЫРГЪЭ Билал:

Псори зи пщэ дэхуар ансамблырт

ЩыIэщ цIыху, IэщIагъэ зыбжанэм хуэIэкIуэлъакIуэу. Апхуэдэщ адыгэ композитор, Уэрэдымрэ къафэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал ансамблым (иджырей «Кабардинкэм») и къэфакIуэ пажэу щыта, РСФСР-м щIыхь зиIэ и артист Къашыргъэ Билал.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъур щагъэлъапIэ махуэхэм Билал игу къигъэкIыжын и куэдт. Сыту жыпIэмэ, ар жыджэру хэтат илъэс 50 и пэкIэ Налшыки Москваи щекIуэкIа апхуэдэ гуфIэгъуэ зэхыхьэхэм. «Къэбэрдей-Балъкъэрым и Министрхэм я Советым и УнафэщIу а лъэхъэнэм щыта КIыщокъуэ Алим, партым и обкомым и секретарь Бэрбэч ХьэтIутIэ сымэ ди пашэу зыхуэдгъэхьэзырат гуфIэгъуэ зэIущIэхэм. А махуэшхуэхэм папщIэ къаутIыпща мелуанитхур зытрагъэкIуэда, ар екIуу егъэкIуэкIыныр и пэм къыщыщIэдзауэ и кIэм нэсыхункIэ зи пщэ къыдэхуэгъа Уэрэдымрэ къафэмкIэ къэрал ансамблым сытепсэлъыхьынут», - жиIэу Билал къыщIидза и гукъэкIыжхэм ди гуапэу фыщыдогъэгъуазэ.

Уэрэдымрэ къафэмкIэ къэрал ансамблыр. Пшынауэр Къашыргъэ КIурацэщ, бэрэбанэм еуэр Исаков А. Москва дэт Союзхэм я унэм и Колоннэ залым концерт щокIуэкI.
1957 гъэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр щэнхабзэм и махуэхэр

1957 гъэм бадзэуэгъуэм и 17-м Курск вокзалым хуэмурэ техьащ «Налшык - Москва» мафIэгур, «ИгъащIэкIэ Урысейм дригъусэу» жиIэу зытетхар. Абы ди къэралым и къалащхьэм ишат КъБАССР-м щыщу цIыху 700-м щIигъу. Ди республикэ щэнхабзэм и махуэхэр Москва щызыгъэлъэпIэнум ящыщт Къэбэрдей-Балъкъэрым Уэрэдымрэ къафэмкIэ и къэрал ансамблыр, къэрал филармонием и солистхэр, сурэтыщIхэр, тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ, нэгъуэщIхэри. Бадзэуэгъуэм и 20-м япэ концертыр Колоннэ залым къыщызэIуахащ. МахуибгъукIэ екIуэкIащ москвадэсхэми Налшык икIахэми дежкIэ гукъинэж хъуа, программэ къулейкIэ гъэнщIауэ щыта концертхэр.

- Махуэшхуэхэр зэрызэхуащIыж зэIущIэм хэта ди творческэ гупхэм щIэгъэкъуэнышхуэ къахуэхъуат концертым и режиссер-постановщик, РСФСР-м гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Рудник Лев, режиссер Кожевников Алексей, къафэхэр гъэувынымкIэ чэнджэщэгъу, РСФСР-м щIыхь зиIэ и артист Корень Сергей, РСФСР-м гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, сурэтыщI Медовщиков Николай, зыкъэгъэлъэгъуэныгъэм и макъамэ унафэщI, РСФСР-ми КъБАССР-ми гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ Мурадели Вано сымэ, - игу къегъэкIыж Билал.

Композитор Шейблер Трувор и IэдакъэщIэкI «Нартхэр» макъамэ-хореографие поэмэр бадзэуэгъуэм и 1-м СССР-м и Театр Иным япэу щагъэлъэгъуауэ щытащ. Уэрэдымрэ къафэмкIэ ансамблым мы лэжьыгъэмкIэт япэу театр зыкъэгъэлъэгъуэныгъэм зэрызрипщытар, атIэми ар москвадэсхэм хуабжьу ягу ирихьат. Корень Сергей игъэувауэ щыта, ансамблымрэ СССР-м и Театр Иным и оркестрымрэ ягъэзэщIа «Нартхэм» и дирижерыр Тюлин Даниилт.

- Быдэу сыхагъэзыхьу мы лэжьыгъэм зызрагъэпщытами, зэи сыхущIегъуэжакъым. Пэжщ, абы пщIэнтIэпс куэди къыспхигъэкIащ сэ, тыништэкъым илъэсихкIэ укъэмыфауэ утыкум укъихьэжыну, - игу къегъэкIыж Билал.

ИпэкIэ ята концертми мы композицэми я гугъу фIыкIэ ищIу «Известия» газетым тета тхыгъэр ансамблым ехъулIэныгъэ зэрызыIэригъэхьэфам щыхьэт техъуэрт. Абы и гугъу щащIат Сосрыкъуэ и ролыр зыгъэзэщIа, актер IэщIагъэр къызыдалъхуауэ зыхужыпIэн Къашыргъэ Билал. Ар къэфакIуэ Iэзэм и закъуэтэкъым, атIэ макъ телъыджэ зиIэ профессиональнэ уэрэджыIакIуэ лъэщт. Лъэныкъуэ псомкIи - уэрэд жыIэнымкIи, къэфэнымкIи, и теплъэ уардэмкIи - «зэщIэузэда» артистым пщIэрэ щIыхьрэ пылъу хузэфIэкIат Сосрыкъуэ нарт лIыхъужьым и образыр фIэщхъуныгъэшхуэ хэлъу игъэзэщIэн. Абы къыкIэрыхуртэкъым Сэтэней и ролыр фIы дыдэу къызэхъулIа Сосмакъ Валентинэ. Бадзэуэгъуэм и 1-м СССР-м и Театр Иным махуэшхуэхэр зэхуэзыщIыж концертыр щекIуэкIащ. КъыкIэлъыкIуэ махуэм РСФСР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм Къэбэрдейр Урысей къэралыгъуэм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъум и щIыхькIэ зэIущIэ иригъэкIуэкIащ.

АдэкIэ къыпащэ

Зэныбжьэгъугъэм и махуэшхуэм Налшык щыпещэ: бадзэуэгъуэм и 5-м урыс гъуазджэмрэ литературэмрэ я лэжьакIуэхэм ди республикэм и къалащхьэм зыкъыщагъэлъэгъуэн щIадзащ. Апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкIуат СССР-м и цIыхубэ артист Свешников А.В. зи унафэщI Къэрал академическэ урыс хорыр, Пятницкий М.Е. и цIэр зезыхьэ хорыр, Осипов Н. и цIэкIэ щыIэ цIыхубэ оркестрыр, Ленинград филармонием и симфоние оркестрыр, МХАТ-м, Киров С.М. и цIэр зезыхьэ Оперэмрэ балетымкIэ къэрал театрым и актер пашэхэр, Станиславский К.С., Немирович-Данченкэ В.И. сымэ я цIэр зезыхьэ музыкэ театрыр, эстрадэм и уэрэджыIакIуэхэр.

• ГукъэкIыжхэр

Декадэм и пэублэ зэIущIэшхуэр Налшык и зыгъэпсэхупIэ нэхъ дахэ дыдэм, махуэшхуэм и саулыкъукIэ яухуа Театр ЩхъуантIэм, щекIуэкIащ. «Концертыр щIидзэным иджыри зэманыфI иIэу цIыхухэр къызэхуэсат, - игу къегъэкIыж Билал. - ЦIыху миниш зэрыхуэ театр зэIухам къекIуэлIа къалэдэсхэмрэ хьэщIэхэмрэ, студентхэмрэ школакIуэ цIыкIухэмрэ я бжыгъэр минитхум щхьэдэхат. Ауэ зыри я унэ кIуэжыну пащIэртэкъым. Махуэшхуэр зэзыгъэлъагъуну хуейхэр мыдэкIэ къыщыту концертым еплъырт. Апхуэдэу УФ-м и артистхэм район, къуажэ клубхэм, Адыгэ драмэ театрым, нэгъуэщI щIыпIэхэми щатащ концерт 60-м щIигъу. Шэнхэмылъу, а зэIущIэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым гъуазджэмрэ литературэмкIэ и лэжьакIуэхэм дежкIэ щапхъэфIт, лъэпкъ щэнхабзэм зезыгъэужьт».

Союзпсо, дунейпсо фестивалхэм

Совет щIалэгъуалэм я Союзпсо фестивалым хэтыныр ВЛКСМ-м и обкомым хуигъэфэщауэ щытащ Уэрэдымрэ къафэмкIэ къэрал ансамблым. ЦIыху 20 хъу гупыр Москва кIуащ бадзэуэгъуэ мазэм и етIуанэ Iыхьэм. Фестивалым щызэхьэзэхуат къэфакIуэ гупхэр, уэрэдымрэ къафэмкIэ ансамблхэр, академическэ хорхэр, цIыхубэ оркестрхэр. «Зэпеуэм дэ щыдгъэзэщIат «Къафэ», «Удж», «Ислъэмей» къафэхэр, - жеIэж Билал. - Абыхэм къапэкIуащ дыжьын медалыр икIи II нагъыщэм и лауреат дыхъуащ. Абы къыдэкIуэу, къэпщыт акIуэхэм я унафэкIэ ди гупыр лъэпкъ къафэхэр зыгъэзэщIэну Совет щIалэгъуалэм хагъэхьауэ щытащ».

Билал зи гугъу ищI щIалэгъуалэ зэхуэсыр бадзэуэгъуэм и кIэм зэхэтащ. ЩIалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я VI Дунейпсо фестивалым къекIуэлIат къэрали 120-м щыщ ныбжьыщIэрэ студенту мин 30-м щIигъу. «ГуфIэгъуэ зэIущIэр къызэIуаха иужь, дэ зэдгъэцIыхуат Иорданием щыпсэу ди лъэпкъэгъу Къунаш Хъусен. Ар къыщIыхэзгъэщыр, апхуэдэ зэIущIэхэм я мыхьэнэ нэхъыщхьэр зэныбжьэгъу уззхуэхъуным, нэгъуэщI щIыпIэ щыпсэу адыгэхэр къэдгъэгъуэтыжыным нэхъыбэу зэрыхэслъагъуэрщ», - къыхегъэщ Билал.

А фестивалми и дыщэ медалыр къихьащ ансамблым. «Налшык дыкъыщыкIуэжам къытпежьахэм я гуфIэгъуэр пхужымыIэным хуэдизт, - жеIэ Къашыргъэм. - Псоми IэплIэ зэхуащIырт, удз гъэгъахэр зэIэпахырт».

КъыкIэлъыкIуэ гъэунэхуныгъэу Уэрэдымрэ къафэмкIэ ансамблым дежкIэ щытащ Театрхэм, ансамблхэм, хорхэм я союзпсо фестивалыр, Чайковскэм и цIэр зезыхьэ Концерт залым щэкIуэгъуэ мазэм къыщызэIуахар. Октябрь революцэр илъэс 40 зэрырикъум и щIыхькIэ къызэрагъэпэща фестивалми ансамблым япэ увыпIэр къыщихьащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Уэрэдымрэ къафэмкIэ и къэрал ансамблыр 1957 гъэм къриубыдэу щэней лауреат хъуат. Ар гупым хэт псоми къыздалэжьа текIуэныгъэт, ерыщу, егугъуу зэрызагъэхьэзырам къыпэкIуа фIыщIэт.

Зытхыжар
ИСТЕПАН Залинэщ.

«Зэныбжьэгъугъэ» къафэр. Солистхэр Лапченкэ Зоерэ Къашыргъэ Билалрэщ.

●Дэ къытхуатх

Си щхьэкIэ згъэунэхуа

ФIыуэ слъагъу «Адыгэ псалъэ» газетым еджэхэр щыгъуазэ сщIыну сыхуейт муслъымэн диным и хабзэ нэхъыщхьэхэр зэрыту иджыблагъэ Налшык и тыкуэнхэм ящыщ зым къыщытщэхуа тхылъ гъэщIэгъуэным.

«Аллыхьым и цIэ 99-м, КъурIэным и сурэу 114-м ябгъэдэлъ къызэрымыкIуэ зэфIэкIхэр» фIэщыгъэцIэр зиIэ тхылъым ит дэтхэнэ тхыгъэри теухуащ цIыхум къеузынкIэ хъуну узыфэхэм, абыхэм уазэреIэзэну щIыкIэм. Псалъэм папщIэ, уи щхьэр узмэ, абы хухэха сурэм укъеджэмэ, увыIэнущ, уи къупщхьэ зэрытыпIэхэм уагъэпIейтейрэ - абыи сэбэп хуэхъу духьэ итщ.

Сэ езым си щхьэкIэ згъэунэхуащ тхылъым къыщыхьа Iэмалхэр. Си дамащхьэр егъэлеяуэ къызэузырти, тхылъым абы хуэгъэзауэ къыщыгъэлъэгъуа сурэм сыкъеджащ, узыр зыхэт щIыIэмэ ирир теслъхьэри. Фи фIэщ зэрыхъун, узыр зэуэ сщхьэщыкIамэ. Аргуэру сымыжеифу сыхэльти, тхылъыр къасщтэри зыхуэфащэ сурэм сыкъеджащ, зэрыхъуар сымыщIэуи, жей IэфIым сыхилъэфащ.

Апхуэдэу мызэ-мытIэу къэзгъэсэбэпащ тхылъ телъыджэр. Уз къызэIэ дэтхэнэри фыкъыхузоджэ «Аллыхьым и цIэ 99-м, КъурIэным и сурэу 114-м ябгъэдэлъ къызэрымыкIуэ зэфIэкIхэр» тхылъыр зыIэрывгъэхьэну. Ар Къэрэшейм и цIэкIэ щыIэ уэрамым тет «Книга» тыкуэным щIэлъщ.

Тхылъыр зи IэдакъэщIэкI Кайтаев И. сурэхэр урысыбзэкIи хьэрыпыбзэкIи (урыс къеджэкIэ щIыгъуу) къехь. Абы тхылъыр къэбгъэсэбэпыну нэхъ тынш ещI.

ШАЩIЭ Людмилэ.

ЩIалэгъуалэм йогупсыс

• Щэнхабзэ

ТЭРЧ куейм и унафэщIхэм иужьрей зэманым гулъытэ щхьэхуэ хуащI ижь зэман лъандэрэ Джылахъстэней щIыналъэр зэрыгушхуэу щыта хабзэ дахэхэр къэгъэщIэрэщIэжауэ абы щIалэгъуалэр щIэпIыкIыным. Куейм и унафэщIхэмрэ цIыхубэ лэжьыгъэм жыджэру хэт нэхъыжьхэмрэ я зи чэзу зэхуэзэм зэрыщыжаIамкIэ, щIэблэм щэнхабзэмрэ анэдэлъхубзэмрэ фIэмыкIуэдын, щIэныгъэ игъуэтын, школхэм къадэкIуэу, ЩэнхабзэмкIэ унэхэмрэ библиотекэхэмрэ а Iуэхум жыджэру хэтыпхъэщ.

Аращ ЩэнхабзэмкIэ унэхэр тэмэму лэжьэфыным хуэунэтIа Iуэхухэм щIеужьэрэкIыр. Псалъэм папщIэ, Плановскэ къуажэм дэт ЩэнхабзэмкIэ унэр ягъэдэхэжащ, унащхьэр зэрахъуэкIыну яхузэфIэкIыжатэмэ, абы уигу щIыхуэныкъуэн щымыIэжу. Районым и дэтхэнэ къуажэми щыIэщ ЩэнхабзэмкIэ унэхэм епха гукъеуэхэр. Iуэхур ежьа щыхъуакIэ, и кIэм нагъэсыфыну къыщIэкIынщ.

ЖАНХЪУЭТ Зуээ.

• Абы дегъэпIейтей

Къытедгъэзэж хъунукъым

ТЫРНЫАУЗ дэт вольфрам-молибден комбинатым дуней псом щыцIэрыIуэу, къыщIигъэкI продукцэм щIэупщIэшхуэ иIэу зэман куэдкIэ лэжьащ. Иужьрей илъэсхэм экономикэм игъуэта зэхъуэкIыныгъэхэм къыхэкIыу комбинатыр яхуэмыгъэлэжьэж хъуащ. Псалъэм папщIэ, 1986 гъэм рудауэ тонн мелуан пщыкIуз къыщIахыу щытамэ, 1994 гъэм ар зэрыхъужыр тонн мелуанитIым зэрыщIигъу щыIэтэкъым. Арати, республикэр зэрыгушхуэу щыта комбинатыр зыхуащIыжащ. ЛэжьакIуэхэм я улахуэр тэмэму иратыжыфын папщIэ, КъБР-м и Правительствэм унафэ ищIат комбинатыр Iыхьэ-Iыхьэурэ ящэну. Комбинатым и унафэщIхэм абыкIэ мыарэзыуэ, Iуащхьэмахуэ куейм и судым зыхуагъэзащ. Аппаратурэу, Iэмэпсымэу IуэхущIапIэр зыхуэмеижу къалъытэхэр ящат, ауэ зэхадыгъуэр куэдти, ятелъ щIыхуэм хэщIыртэкъым. Абы щыхьэт тохъуэ, машинэшхуиплIым ихуэ гъущIу сом мин 200 и уасэ комбинатым къыдашу милицэм и лэжьакIуэхэм зэраубыдар. Апхуэдэурэ 2005 гъэм и мазаем ирихьэлIэу щIыхуэр мелуан 24-м нэблэгъат.

Иджы комбинатыр зэрызэфIагъэувэжыным, абы инвестицэ къыхэзылъхьэнухэр къызэрырашэлIэнум иужь итщ. Ар республикэм къыпэщыт Iуэху нэхъ ин дыдэхэм ящыщщ. Ауэ комбинатыр зэрагъэпэщыж къудейкIэ зэфIэкIынукъым. Зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым мы предприятэр щIыуэпсыр иуцIэпIу, цIыхухэм я узыншагъэмкIэ икъукIэ зэрану зэрекIукIар.

Псом япэ и гугъу щIыпхъэщ комбинатыр зэрылэжьа псы фIейр ямыгъэкъабзэу иракIутыжу зэрыщытам. Апхуэдиз вольфрамрэ молибденрэ зыхэлъ псыр цIыхуми, къэкIыгъэми, хьэкIэкхъуэкIэми я щхъухьт.

Вольфрамымрэ молибденымрэ къыщыщIахкIэ, нэгъуэщI элемент куэд, псалъэм папщIэ, мышьякыр къыдокIуэ. Ар щхъухь гуащIэхэм ящыщщ. Рудар язычжа нэужь, абы къыщIэжыж псы фIейм нэхъ тыкъыру къыхэнахэр къыхагъэкъабзыкIыжырти, адрейр кумбышхуэм иракIэрт, ягъэжэбзэн папщIэ. Уэшх къешхмэ, кумбым къыщхьэщихурти псы фIейр Бахъсэн хэлъадэрт. Нобэм къэс Бахъсэныпсым мардэу къалъытэм тещIыхьауэ вольфраму хуэдэ пщыкIуийкIэ, молибдену хуэдэ пщыкIутхукIэ нэхъыбэ хэлъщ. Абы къыхэкIыу, псым хэс бдзэжьейхэр нэхъ машIэ хъуащ, уеблэмэ хэсыжыххэкъым.

Былым къуажэдэсхэм лъыш узыр нэхъ къайуалIэу къахутащ дохутырхэм. КъызэрыщIэкIымкIэ, рудар къыщыщIахым деж къиIэт сабэр Тырныауз къалэм, Былым къуажэм, комбинатым пэгъунэгъу нэгъуэщI щIыпIэхэм щотIысэх. Абы цIыхухэр иробауэ, щIым хохьэ.

Псом нэхърэ нэхъ леишхуэ къызытехьэр, зэрыжытIащи, Былым къуажэращ. А сабэм и мызакъуэу, псы фIейр зрагъэлъадэ кумбым и зэрани къокI абыхэм. КъызэрахутамкIэ, хъуакIуэу губгъуэм ит былымхэр а кумбым ит псым йофэ, щхъухьыр гъэшым хэлъу цIыхум и IэпкълъэпкъыммакIуэри, уз шынагъуэ кърегъэуалIэ.

ЗэрыжытIащи, иджыпсту комбинатыр лэжьэжыркъым, ауэ блэкIам и джэ макъым псэупIэ къыдитыркъым. Дыщогугъ комбинатым и лэжьыгъэр зэтезыгъэувэжыну хущIэкъу унафэщIхэм дыкъэзыухъуреихь дунейм абы къыхуихь зэраныгъэр къалъытэу Iуэхур зэтраублэну.

КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ.

Хабзэр зи Iэпэгъухэр

• ЗэIущIэхэр

ФокIадэм и 29-м Щоджэнцыкlум и цIэр зезыхьэ Адыгэ къэрал драмэ театрым зэIущIэ гуапэ щызэхэтащ. Илъэс ещанэ хъуауэ Абхъазым и утым джэгу щызэхэзышэ щIалэгъуалэм къахуеблэгъат Адыгей, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм къикIа ныбжьыщIэхэр.

ХЬЭЩIЭХЭР зэрыщыIа зы махуэр нэгузыужьу къызэрагъэпэщащ, абыхэм Налшык къалэ и щIыпIэ дахэхэр ирагъэлъэгъуащ. Пщыхьэщхьэм Щоджэнцыкlум и цIэр зезыхьэ драмэ театрым щызэхуэсыжри, джэгур зэхашащ.

КъызэрыщIэкIымкIэ, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым я щIалэгъуалэми тхьэмахуэ къэс махуэ хэха яIэу адыгэ джэгу къызэрагъэпэщ. НыбжьыщIэхэр тепсэлъыхьащ апхуэдэ я щIалэгъуалэ зэхыхьэхэр зэрекIуэкIым, ар нэхъ щIэщыгъуэ щIынымкIэ къагъэсэбэп Iэмалхэм. Апхуэдэу ахэр зэгурыIуащ мыгувэу иджыри зэ зэхуэсу, хьэтиякIуэм, джэгуакIуэм я къэлэнхэр, джэгур зэрекIуэкI хабзэр нэхъ зэхэхауэ яубзыхуну.

АдэкIэ ныбжьыщIэхэр тепсэлъыхьащ дуней псом щызэбгрыдза адыгэхэр зэрыщIэнымкIэ ирагъэкIуэкIыну я мурад Iуэхугъуэхэм, республикищми щыIэ Адыгэ Хасэхэм я лэжьыгъэм, ижь-ижьыж лъандэрэ ди лъэпкъыр цIэрыIуэ зэрыхъуа хабзэ дахэр щIэблэм я Iэпэгъуу къэхъунымкIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэм.

ДЫГУЛЫБГЪУ Нэкъулэн.

Уэрэд макъамэ

МАФIЭДЗ Сэрэбий

Повесть

(КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр №№187, 188, 192-хэм итщ).

* * *

САБИЙ зыщIыгъуу фызхэр зэбгришыжри, ТIуш гур и пщIантIэм дигъэхьэжащ. Еплъмэ, шкIэр и кIэр игъэкIэрахъуэу, Iуейуэ Iуэм итщ, жэмри абы хуэпабгъэу Iуэбжэ гъэбыдам йопэбжьауэри щытщ. ТIуш къэгубжьауэ унэм щIыхьэжащ. Данизэт Шунэху и упщIэ пыIэ фIыцIэжьым хуэдиз хъу радиом кIэрыныкъэауэ бгъэдэсщ, и Iэдакъэ итIым къыдэплъу. Дапщэрэ жриIа уи Iэдакъэхэм укъыдэмыплъ, ар фIыкъым, жиIэурэ. НэгъуэщI мыхъуми, уи жьэпкъым уи Iэ лъэныкъуэр щIэгъакъуэ. Хьэуэ, зэхихыркъым. Дало ТIулэ уэрэд къригъэжьамэ, и Iэдакъэхэм къыдэплъу мэтIысри, дунейм нэгъуэщI зыгуэр щыIэу, къыщыхъуу ищIэркъым. Мы ТIули нобэ къызэрыкIащи, Тхьэм ещIэ и уэрэдыр щиухынур.

Данизэт щысщ и Iэдакъэхэм къыдэплъу, ТIулэ йодаIуэри. Щысщ пщы гуащэ Iуэхуншэм ещхьу. И щхьэгъусэр къызэрыщIыхьэжами гу лъитауэ фэ теткъым. ТIуш зилыгъуэжу къэгубжьами, зыхуигъэшэчри, пэгуныр къиштащ, абы псы иригъэжыхьри, щIыбым къыщIэкIыжа нэужь, ирикIутащ. Шыхэр щIитIыкIыным яужь имыхьэу, ТIуш жэмым шкIэр иритщ, быдзхэр ихъуэжурэ тIэкIу къригъэгъэблри шкIэр пщэхъумкIэ шхалъэм ирипхащ. Шэ тхъурымбэр пэгун IупщIакIэм къэсу жэмыр къишащ. Дало ТIулэ ерыщ екIуауэ иджыри уэрэд жеIэ. ТIуш шэ пэгуныр, джэду лъэмыIэсын хуэдэу, пырхъуэм деж щыпилъэри, шыхэр щIитIыкIащ, ахэр зыхуей хуигъазэри унэм щIыхьэжащ.

Радиом иджы зыгуэрхэр жиIэрт. Данизэт, и Iэдакъэхэм къыдэмыплъыжу, уэрэд зэдэIуахэм йогупсысри щысщ, игукIэ жеIэ: «Уей, уей, уей, губгъуэм ис тхьэрыкъуэмэ, атIэ гущэ, и щхьэ зыхуегъафIэрэ. Сэ сыгъэфIэнышэу, сызеиншэ къабзэу губгъуэм сыкъинэну пIэрэ, уей».

ТIуш а зэрызэгуэпым хуэдэурэ пырхъуэм игъэзэжри шэ пэгуныр унэм къыщIихьащ. Шэр кхъузанэ щабэмкIэ изри тепщэчышхуэм ирикIащ, шатащхьэ къригъэщIыну. Ар къытрахмэ, шэр ягъэхуэбэнщи, лъатэ иратынщ, кхъуейуэ хахыну, е ягъэпщтынщи шхууэ зрадзынщ.

Данизэт а зэрыщысщ. КIуэцIыбжэр Iухами, абы гу лъита хуэдэкъым япэ пэшым щыIэуэлъауэ и щхьэгъусэм. Дало ТIулэ и уэрэдыр абы и тхьэкIумэм икIыркъым. ИгъащIэм имылъэгъуа уэрэджыIакIуэм и шыфэлIыфэр и нэгу къыщIегъэхьэ. ТIулэ, дауи, щIалэ гуакIуэщ, щхьэц фIыцIэ, набдзэ фIыцIэщ, къамылыфэщ, и Iупэ лъабжьэр ищхьэ тетым нэхърэ нэхъ Iувщ, и нитIым гушхуэныгъэр къыщIех. Ар плIабгъуэщ, бгы псыгъуэщ. И цей хужьыбзэм щIэпха адыгэ бгырыпх псыгъуэм и быжри, и кIэдзэупIэхэри, абы къеблэблэх мывопцIэхэри дыжьынщ, саут дахэ ятелъу. Лъахъстэн лъей щабэ гъуэншэдж лъапэхэр зыдэупщIам хуэзэж зытехыжа гуэншырыкъым и лъапщэр къытохьэ. А псори лIы бжьыфIэм йокIупс. Аращ апхуэдэ макъ жьгъыру, макъ дахэ зиIэм и теплъэр. Арами, Алыхьым имыухкIэ Данизэт и щхьэгъусэм хуэмыпэжыну, абы нэгъуэщI цIыхухъу щхьэкIэ хьэрэмагъ игу къэкIыну. Данизэт макъамэ игу ирихьыщэм дихьэхыу, итхьэкъуу аращ ар ТIулэ щедаIуэкIэ. МэгуфIэ апхуэдэ уэрэджыIакIуэ лъэпкъым зэриIэм щхьэкIэ. Абы щыгуфIыкIри, ТIулэ къыдихьэхри, Данизэт и закъуэкъым, радиом абы и уэрэд къыщиткIэ.

ТIуш и Iуэхухэр иухауэ и щхьэгъусэм зыкъыщищIэжынум поплъэ. Мы теурэзыр зыхуэкIуэн ТIулэ мы фызыр игъэунэхъунущ. Апхуэдизу и нэхъуей икIауэ дэзыхьэхым зы теплъэ гуэр иIами аратэкъэ? Езы ТIуш и гъащIэ псом къыщызыдрихьэкI бзылъхугъэ зэкIуэжыщэхэм хуэдэу гуакIуэу.

Дэтхэнэ зы цIыхуми япэ лъагъуныгъэ иIэщ, ар игу къигъэкIыжу, зэман-зэманкIэрэ абы щIэгупсысу. ТIуш и япэ лъагъуныгъэр и сабиигъуэр икIа къудейуэ илъэгъуащ. Ар ликбезым егъэджакIуэу къагъэкIуауэ щыта фыз дахэшхуэрщ. Ар зыкIи хуэфащэтэкъым илI асмыжым.

А егъэджакIуэ зи цIэ къудейр имыщIэм ещхьт дохутырхэм ядэIэпыкъуу, уIэгъэхэр къимыгъэпIэтIауэу стIолым трикъузэу здэщыIа госпиталым я пщафIэр, ТIуш щIасэ зыщIауэ щытар. А фызыр нэхутхьэхушхуэт, и нэкIур дыгъэм хуэдэу къыбжьэхэпсэу. Абы и напэм фэм и щIагъ щIэлъыр лы хуэдэтэкъым, атIэ шэрэ лъырэ зэщIэту ара къыпфIэщIырт, къызэщIэплъамэ е укIытамэ, зы щIыпIэхэр цIыплъу къызэщIэнэу, адрей шэ зыщIэтхэр фагъуэу къанэу.

ТIуш къыщыкIуэжым, хьэбэсабэу зэхэкъута Сталинград къэсыжауэ ныбажэ кIэрыун хъууэ аргуэру госпиталым щыщIэхуам щыгъуэ къеIэза дохутыр фызри иригъэщхьат и япэ лъагъуныгъэ егъэджакIуэ дахэшхуэм. Ар Iыхьэлейм икIауэ цIыхубз укIытэхт, ТIуш къеплъамэ, плъыжь хъууэ. Иджы а фызхэм, псом хуэмыдэу егъэджакIуэм, ТIуш и щхьэгъусэ Данизэт иригъэщхьынути, зэтехуэу зыгуэри къыхуэгъуэтыркъым. Е гупэкъым, е щIыбкъым. АтIэми, уэндэгъу зэрыхъурэ и ныбэ къэтIейм фIэкIа нэгъуэщI кIэрыплъагъуэркъым. ИтIани, Дало ТIулэ и «уей, уейр» къыщришкIэ ар зэрыумэзэхырщ ТIуш и пIэм къизышыр.

- Уа, мы ТIулэ и уэрэдыр иухащ. ПщIыхьэпIэм зэ укъыхэкIыж хъуну? - жиIащ ТIуш, зызэтриIыгъэу, езым игу къигъэкIыжа къомым егупсысын имыухауэ.

- АIей, укъэкIуэжа? СытегупсысыкIат.

- УтегупсысыкIынкъэ? Дало ТIулэ уэрэд жеIэ. Жэмри Iуэхукъым, шкIэри Iуэхукъым, жьэгу мафIэ зэхэкIыжари зыми щыщкъым. Зыгуэр къэкIуэжмэ, абы ишхынури хуабэу Iэнэм тетщ.

Данизэт укIытауэ пэшым къыщIэкIащ. Зэманыр абы нэсауэ и гугъакъым. Сыт щыгъуи щогъупщэж Мачэдинэ зэригъэIущауэ щытар: лIыхэр нэхъ къэзыгъэгубжь щыIэкъым я шхын щымыхьэзырым нэхърэ.

- Мыдэ, мафIэр зэщIэзгъэстыжынщи, хьэнтхъупсыр згъэхуэбэжынщ, кхъуейрэ нартыху пIастэрэ щыIэщ.

- Сыхуейкъым... Гъубгъуэм зыгуэрхэм сыщедзэкъащ, сымэжалIэркъым, - пцIы иупсащ ТIуш. ИтIанэ асыхьэтым игу къэкIар жиIащ. - Пщэдей тхьэмахуэщ. Бэзэрщ. Абы срикIуэну гур къеIысхащ. Шыгъу, сабын диIэжкъым. Щыгъын гуэрхэми, моуэ нэхъ пхуэбыхъуну, деплъынщ. Германым къраха хьэпшыпхэр сондэджэрхэм ящэ. Жэмыфэ, мэлыфэ пкIэм илъхэри зыми и мысэбэпу мэкIуэд. Ахэри тщэнщ. Зы нартыху пут хуэдэ гъэлъалъи къэпым икIутэ. Уэшх къригъэжьари т еуж хуэдэу хъуащ. Зыгъэхьэзыр. Сату гуэрхэри тщIынщ. ЩIапхам хуэдэу унэм ущIэсщ. Дунейм тIэкIу утехьэнщ, уи нэгу зиужьынщ. Мэрож къыпхуэсщэхунщи пшхынщ. Сэ мыдэ Дисэ деж сыкIуэнщи жесIэнщ пщэдджыжь жэмыр Iэхъуэм иритыну. Ар абы къыхуэшыну къыщIэкIынкъым, зэщIрырегъэф. Джэдхэр къиутIыпщу щыкъун тIэкIу яхуипхъмэ, унэмкIэ къаплъэмэ, аращ абы хузэфIэкIынур.

Ауэ аратэкъым ТIуш бэзэрым щIэкIуэнур. Абы и мурадыр нэгъуэщIт. Игу къэкIам иригуфIэу, и губжьри теужыпауэ, ар Дисэ деж нэсащ. ТIуш бэзэрым кIуэну къыщищIэм, фызыжьым зыкъыкIэрищIат, сыздэшэ, джэдыкIэ куэду зэхуэсхьэсащ, жиIэри. АрщхьэкIэ Дисэ и джэдыкIэр езым хуищэу и уасэр къыхуихьыжыну жиIэри, фызыжьыр ерагъкIэ тригъэсабыращ.

3. «Враг народа»

МАЧЭДИНЭ и пщIантIэу щытам и куэбжэпэм щылъа мывэ фэрэкIнапэжьым и лъакъуэ лъэныкъуэр тету, Къантемыр ихъуреягъыр къеплъыхь. Езым къищIэжым, Лалинэ дахэ цIыкIу лей зрахыу ягъэунэхъуам я унэр мобдеж щытащ. МодэкIэ Самэдхэ я гуэщ кIыхьыр тетащ. Абы я щIапIэу щытам зыкIэ къуабэбжьабэу, я жылэр къэщхьэлъарэ къришэхыу щIэп куэд итщи, хасэу, елIалIэу къагъэкIам ещхьщ.

Иджы Мачэдинэ и дэлъху Исуф, мы жылэ цIыкIур зыгъэтIысауэ щытар, «враг народа» фIащу зэрагъэкIуэдам хуэдэу, щIэпри Iущхьэри враг народа ящIащ. КъэкIыгъэхэм сыт я лажьэ? Лажьэ псори къызыпкърихур цIыхухэрщ. Мо щIэп къомым наркоманхэм сыт хуэдиз афиян къыпахынт, мыбдеж зэритыр ящIатэмэ. Хьэгъуэжь и быну къызэхуэжэсынт.

ЩIэпыр фейдэшхуэу, щIэп жэпкъымрэ жылэмрэ ящэмэ, ахъшэ хъарзынэ хъууэ колхозыр, Исуф «ТхьэмыщкIэ» фIэдвгъэщ жыхуаIэр имыдэу, «ЕфIакIуэ!» зыфIищауэ щытар, хэуныкIырт. Мо щIэп бэгъуар зэщIахыкIрэ пускин гъуэжь хъуар щхьэхуэу, нэхъ лъапIэу яту, мыдрей жылэр къызыпахар нэхъ пуду ящэу. ЩIэп удыныныр тынштэкъым, ауэ и жылэр лъапсейт.

ПсэукIэ, цIыху гъэпсэукIэ ищIэрт Мачэдинэ и дэлъху Исуф. ИкIи ар и щхьэм къеуэжащ. Къуажэжьым щыдэсам Исуф жылэм я лIыкIуэ-жыIакIуэу Тэрч Iуфэ Iус лъэпкъхэм я съездхэу Тэрч къали Псыхуаби щызэхэтахэм езым и псалъэ купщIафIэ, лъэпкъхэм я псэукIэ, зэфIэкI хъунур хуэгъэтэмэму, иукъуэдиифу хэтат. Совет властым и Iуэху къуажэм щызэрихьэну ревком къыщызэрагъэпэщам, Исуф абы и комиссар ящIат. ИужькIэ къуажэ Совет IэIэткIэ щыхахым, абы и тхьэмадэу зэхуэарэзыуэ Исуф ягъэуват. Абы щыгъуэ унафэ къыдэкIат къуажэшхуэхэр зэхэгъэкIын хуейуэ икIи Исуф и пщэ иралъхьащ унагъуэ щэ ныкъуэ хуэдиз зэщIикъуэу ТIуащIэм иришэхыну, абы жылэу щигъэтIысыну. Унагъуэ щэ ныкъуэр Iэбжьыб изт, ауэ нэхъыщхьэр щIыпIэ нэщIыр убыдынырт, абы къутыр гуэр къимыхъуэ щIыкIэ.

Исуф «хьэуэ» къыхигъэкIыныр ажал пэлъытэт. Абы цIыхухэр, унагъуэхэм я нэхъыжьхэр къигъэдэIуащ. Псоми ящIэрт тIуащIэр зищIысыр, ауэ зыкъомым я дзыхь Исуф ирагъэзащ, лIы губзыгъэм щиукъуэдийкIэ, дыкъуэлIыкIынкъым, жаIэри. Адрейхэр адыгэхэм сыт щыгъуи яхуэмыгуэш, яхуэмыгъуэт ахъшэм къыдихьэхащ (унагъуэ къэс тумэн пщыкIутху-пщыкIутху иратыну къагъэгугъат), хэт нысэ мызэгъхэм трагъэгушхуащ, хэти илъэситхукIэ хьэкъ, налог зэрамыпшынынум къытригъэхьащ. Псалъэмакъыр Iэджэуи екIуэкIырт: зыр щIегъуэжу, нэгъуэщIым езым и пIэкIэ тIуащIэм пщIэкIэ Iэпхъуэн къигъуэту, ещанэм зигъэхъиинрэ ахъшэ кърата тIэкIур ялъридзэжу.

ТIуащIэм ехыну къыхатхыкIахэм Мачэдинэ яхэттэкъым. АрщхьэкIэ зи щхьэгъусэр пасэу лIэуэ зым нэхърэ зыр нэхъ цIыкIуу, я нэхъыжьыр илъэс пщыкIухым иту, зэрыбынитхум къахэна фызабэр езыр тегушхуащ: зыхэсым тхьэмадэ ящхьэщытыжтэкъыми, унагъуэ зэхэмыбз хъуауэ я щхьэфэр зэрытешхыкIырт. Мачэдинэ и пщыкъуэ нэхъыщIэм абы къриутIыпщар щызыгъэгъупщэн щыIэтэкъым:

- Хэт мы уи цIырушыру къомыр зыпIынур, зыгъэшхэнур? Зевгъэхь адэ, ди натIэм фикI, дыпсэуну, зыдужьыну хущIыхьэгъуэ дивгъахуэркъым. МацIэм хуэдэу, къетхьэлIэр зыIуралъафэри дзащхьэ-дзафэ ящIу къотIысыж.

Апхуэдэ псалъэ дыджхэр шэчыгъуафIэт, гутехуэгъуафIэт сытми?! Ауэ щыхъукIи, апхуэдэу жызыIа лIым нэхърэ нэхъ щхьэхынэрэ нэхъ хьэрычэтыншэрэ жылэм дэстэкъым. Махуэр хъуамэ, уэрамыщхьэм тетт, зыдефэн къилъыхъуэу. ИтIани Мачэдинэ нэмысым щхьэкIэ зишыIащ, и пщыкъуэ къакъыум зыри пимыдзыжу. Ахьей, жриIэ хъунут: уэ щхьэ умыIэпхъуэрэ, нэгъуэщI мыхъуми, пыIэ пщхьэрыгъщ. Ауэ жриIакъым.

Исуф фIэтаучэлтэкъым и шыпхъум ищIа мурадыр, и Тхьэ еплъу абы худичыхами. Ар Мачэдинэ къыгурыIуащ. Езы Исуф, зыми закъримыгъащIэми, и гум къыщIитхьырт жьы хъуа и адэанэмрэ зи IэпкълъэпкЪ зэрымыубыда и шыпхъу нэхъыщIэ цIыкIу Данизэтрэ жылэжьым къызэрыдинэр. И шынэхъыщIэр, и лIыжь-фызыжьым къабгъэдинэр, зыIурамылъхьэжщ, ар и щхьэгъусэ физ залымым и жьэм сыт къыжьэдэхун жеIэри Iурыплъыхьу апхуэдэщ. Зэ Мачэдинэрэ Исуфрэ абы еущиену хуежьати, къыгурыIуакъым:

- Сыт-тIэ езвгъэщIэнур? Ар си бынипIIым я анэщ, - жиIэри. И къуэш нэхъыжьымрэ и шыпхъумрэ я псалъэм кърихар аращ: ди нысэр игъэкIыж. Ар хьэдыгъуэдахэтэкъэ? СабиипII зеиншэ, адэншэ щIы жиIэу хэт и жьэ къекIуэнт? Мачэдинэ сымэ зыхуеяр лIы хуэдэу щыт, уи щхьэ, уи унагъуэ и унафэ щIыж, уэ уи къалэныр уи фызым и пщэ щIыдэлъын щыIэкъым, жаIэну арати, къыгурыIуакъым. Сыт епщIэн, и щхьэгъусэм и жьэм жьэдэплъэмэ, нэхъ тыншу къыщыхихакIэ? Исуфрэ абырэ зы адэ-анэм къалъхуауэ пхухуэгъэфэщэнтэкъым.

Ар я гуныкъуэгъуэу Исуфрэ Мачэдинэрэ ТIуащIэм ехащ. И щхьэм нэхърэ нэхъ елIалIэу Исуф и шыпхъум унэ, щIапIэ хуиухуащ. Ар цIыху дыщэт, сыт щыгъуи нэгъуэщIым и Iуэхур езым и Iуэхум япэ иригъэщу. Ауэрэ щIыпIэщIэм, жылэщIэ цIыкIум илъэсиплI хуэдэ щыпсэуауэ, Исуфрэ Мачэдинэрэ я адэ-анэр сыхьэт бжыгъэ фIэкIа я мызэхуакуу дунейм ехыжащ. Абы щыгъуэ хьэдагъэ кIуэжауэ, Мачэдинэ Данизэт еупщIат: сыт уи гъащIэ, сыт уи псэукIэ? Зэрыхуигъэфэщауэ, хъыджэбз цIыкIур и нысэм игъэтыншыртэкъым. Иджы и адэ-анэр щимыIэжкIэ, нэхъеиж хъуну къыщIэкIынщ. Апхуэдэу хьэдагъэ махуищыр щыдэкIым, Мачэдинэ и шыпхъур къызыщIигъури къэкIуэжащ. Ар Исуфи къабыл ищIат.

Псори Тхьэм узэрелъэIун жыхуаIэм хуэдэт. АрщхьэкIэ щэщI гъэхэм, Исуф кIэрымылъ къыкIэрацIэлъри, «враг народа» къыфIащауэ ягъэкIуэдащ. Абы хужамыIа щыIэтэкъым, гуэдзыр, нартыхур зехьэнейщи, абы и пIэкIэ щIэп хэсэ, зэрыжаIари щIыгъужу. ЕджэкIэ, тхэкIэ зэзыгъэщIахэм я IэпэлъапIэр шхэрт, цIыхум кIэщIэтхыхьыныр IэщIагъэ яхуэхъуауэ. Абы къыхыхьэжат Бажэкъуэ жылэжь цIыкIум зэ Москва къикIыу къэкIуауэ щыта корреспондентым и тхыгъэри. А зэм фIэкIа а къуажэм кIэзетым щылажьэ гуэр лъапэ щилъэщIатэкъым. Гъатхэу, вакIуэ дэту лIы зэгъэпэща, джанэ-гъуэншэдж хужь щыгъыу, и лъакъуэхэм чэтэн вакъэ хужь фIэлъу, адыгэ щIалэ тэрмэшу и гъусэу, Самэдэ мыгъуэм и адэ къуэш МэракIуэ Мэжид бгъэдыхьащ. ПхъэIэщэжь Мэжид лэжьакIуэшхуэт, япэ цIыху кърымыгъэувэу. ПсалъитI-щы фIэкIа зэпадзатэкъым. ЛIыр щыIукIыжым, Мэжид еупщIащ: уи цIэ, уи унэцIэ. Арати, Мэжид, гушыIэм къыхихыу, зэгуэр радиокIэ зэхиха унэцIэ и щхьэм къинар жиIащ: Баскаков. Ар абы хуей щIэхъуар Алыхьырщ зыщIэр. Уунэхъунумэ, хъудырми дзэр IуещIыкI.

Корреспондентыр Москва кIуэжри Къэбэрдейм колхоз ухуэныгъэр ефIакIуэу зэрыщекIуэкIым теухуауэ кIэзетым тхыгъэ къытригъэдзащ. Абы хэтт: «ЖылэщIэ цIыкIум, зэрытIысрэ куэд мыщIа Бажэкъуэм, колхоз ухуэныгъэр щIэгъэхуэбжьауэ щокIуэкI. ЦIыхум ерыщу гъащIэщIэр яухуэ. Абы ящыщщ и псэ емыблэжу лажьэ М.Баскаковыр. Абы и унагъуэр тхьэмыщкIагъэм хэмыкIыу къэгъуэгурыкIуащ. ЩIы зытелэжьыхьын яIэтэкъыми, М.Баскаковым и адэр Iэджэм я дежи лIыщIэу Iутащ. Уеблэмэ ар лэжьыгъэ щхьэкIэ дуней псом лъыифу тетым я хьэдзыгъуанэ тIысыпIэ Америкэми щыIат. Ауэ и насып абыи къыщикIакъым. Иджы М. Баскаковым и адэр зыщIэхъуэпсу щыта щIым щхьэхуиту телэжьыхьыну Совет властым хуитыныгъэ къритащ икIи ар абы ирогушхуэ, иропагэ».

Мэжид и адэр Америкэм зэрыщыIар пэжт. ГумкъалэлIыщIэу Iуту, зы адыгэлIрэ къэзакъитIрэ зэрытегъэгушхуэри кIуат. Ауэ зыри къикIакъым. ИлъэскIэ уэрам пхъэнкIын нэхъыщхьэ къылъамыгъэсу гугъу зрагъэхьати, къалэжьа тIэкIур я шхынымрэ кхъухьым ису къызэрыкIуэжынумрэ текIуэдащ. Ауэ ар дэнэ кIэзетым къикIам къыщищIар? Мэжид абы щхьэкIэ зыри жиIатэкъым. КъемыупщIамэ, жиIэнт? Ауэ аратэкъым нэхъыщхьэр.

Мазэ ныкъуэ нэхъ дэмыкIауэ НКВД-м и лэжьакIуэхэр Бажэкъуэ, щыIэуи щымыIэуи я пщIыхьэпIэ къыхэмыхуэм, къызэрыхьахэщ: хэт хъуну М.Баскаковыр? Дэнэ ар здэщыIэр? КъэрахуэкIыурэ Мэжид и деж нэсащ. Жылэ тIэкIур зэхэту, ар утыкум кърагъафэ:

- Уэра Баскаковыр?

- Сэракъым. Сэ сы-МэракIуэ Мэжидщ. Баскаковыр сыгушыIэурэ си бзэгу къыпыхуати жысIащ.

- Баскаковыр хэтми пщIэрэ, пцIыхурэ?

- Дэнэ щысцIыхун?

Абдеж Дисэ нанэ и псалъэ къыхимыIуу хъурэт? Абы жиIащ:

- Сэ соцIыху Баскакуфыр. Ар бандэщ.

- Уэри ар дэнэ щыпщIэрэ, ныуэжь?

- Сэ Сыбыр сыщыIащ. Аращ Баскакуфыр щыбандэр. Ар къэзакъ Iэтэман Симонуф си гугъэжщ, абы и дзэм гуп зэришэу хэтащ. Сыбыр я къэрал щхьэхуэ щагъэувыну арат.

- Уэ сыт хэпщIыкIрэ а псом, къуажэм и тхьэмадэ? - Зы адыгэлI фэ кIагуэ щыгъыу, фэ кIартIуз щхьэрыгъыу Исуф еупщIащ.

- Тхьэ соIуэ, зыри хэзмыщIыкI, - жиIащ Исуф.

- Плъагъуркъэ? ХищIыкIыркъым. Къуажэм и унафэщIщ, къуажэм къыщыхъур ищIэркъым. Хэт ар зи фIэщ пщIынур? Уэ пхуэдэ куэд слъэгъуащ сэ. Уэр щхьэкIэ ди деж тхьэусыхафэу щIэлъыр Iуащхьэ хуэдиз мэхъу, - пцIы иупсащ лIым. - Ди Iэр хунэсыртэкъым. Ара щIэгъэхуэбжьауэ жылэм щIэп щIебгъащIэр, ар гын щащIыкIэ къызэрагъэсэбэпыр пщIэуэ? Семеновымрэ абы и хьэиху-бжэхуэщI Баскаковымрэ, дауи, гын хуейщ. Совет властыр гынышэу пхуэкъутэнукъым. Ауэ, враг народа гупыр дапщэ фымыхъуами, дэ фи лъапсэр дгъэгъущынщ. Пэжым, Совет властым фытекIуэнукъым. Сыт фымыщIами, абы фыпэлъэщынукъым. Фыщыгугъми, фи гурыгъыр ижауэ фыкъэнэнщ. ФызэрылIэжынум ещхьу ар фи фIэщ фщIы!

Арати, а махуэм Исуфи, Мэжиди, Дисэ нанэри дапхъуэтащ. Дисэ нанэ махуищкIэ яIыгъри къаутIыпщыжащ. Ар Сыбыр бандэм Къэбэрдейм къыщызэригъэпэщ бандэм и зэпыщIакIуэу къыщIрагъэдзыну щIалэщIэ гуэрхэр яужь итат. Абы гу лъызыта нанэ бзаджэм жимыIэ щыIэтэкъым. АрщхьэкIэ НКВД-м и лэжьакIуэхэм яхэтагъэнщ дыхьэшхэн, делагъэ жыхуаIэхэр къызыгурыIуэ гуэрхэри.

- КIуэ, ныуэжь, кIуэж, уэ ущхьэхуитщ, - Дисэ щыжраIэм, мыдрейм идакъым.

- Сэ сфIэфIу мыбы сыкъэкIуакъым, тIасэ цIыкIуу сиIэ, сыкъэфшамэ, сыфшэж!

Ауэ Исуфрэ Мэжидрэ ягъэкIуэдащ, враг народа фIащри. Абыхэм хуэдэ лIы хей Iэджэм я гъусэу, Исуфрэ Мэжидрэ я судыр «тройкэм» ищIэн ипэ, ахэр бэлыхь куэдым хагъэтащ: яубэрэжьу, хэт и чэр, хэт и жьэжьейр къыкIэраудауэ, хэти и зэзыр иракъутыхьауэ. ИужькIэ IуэрыIуэтэжу къэIуащ: Исуф и пIэ кърамыгъэкIыу яукIащ, Мэжид илъэсищ телъу СэлэфкIий ягъэкIуати, абы щылIащ.

* * *

АБЫ ЩХЬЭКIЭ жылэ цIыкIум щIэп щIэныр щагъэтакъым. Ар щIым нэхъ езэгъырт, бэгъуэжауэ къыщыхъуу. Къуажэжьым яхужын нэсыхункIэ аращ цIыхур нэхъыбэу зэлэжьар. ЯщIэрт гуэдзи нартыхуи, ауэ щIэпым нэхъ хьэсэ нэхъыбэ хухахырт. А зэманым щIэп зехьэнри нэхъ тынш хъуат: зэщIэхыкI щымыIэжу, зэрызэщIэлъу комбайн къежьахэмкIэ Iуахырт. Нэхъ лэжьынейр жылэ удынынырт. Ауэ абы ахъшэ нэхъ къызэрыпыкIым щхьэкIэ, щыхум зрагъэлIалIэрт, я псэ емыблэжу. Апхуэдэу екIуэкIыурэ зыри зыпэмыплъа къэхъуащ. ЦIыху еIуящIэхэм щIалэгъуалэм ирагъэщIащ анаша, афиян жыхуаIэхэр зищIысыр. Иджы щIэпыпкъэхэр тутнакъхэр зэрахъумэм нэхърэ нэхъ гуащIэу мылицэм яхъумэу щIадзат. АрщхьэкIэ механизаторыр махуэм зэрылэжьа комбайным и гъущI Iэдийхэр, кхъуэпэхэр, шэмэджыдзэ дакъэхэр, абы трищIэ щIэп сабэр къытрагъэкъэбзыкIырти, цIуубзэу нэху къекIырт. Абы уасэ иIэу къыщащIэм, жылэдэсхэр, псом хуэмыдэу щIалэгъуалэр, Iуэхум хыхьащ. Куу зэрыгъэхъуат а псори, къахузэтемыгъэувыIэжу. Махуэр хъуамэ, мылицэмрэ афиянщIэкъухэмрэ къызэрехуэкIырт. КъезыхуэкIхэр кърахуэкIхэм ящыщ щыхъури мащIэтэкъым, зэгурыIуауэ мобы ядэгуашэу. Анашам зыр хэуныкIмэ, нэхъыбэр теунахъуэрт. Арати, къэралыр къызэрехуэкIырт, зэрымыгъэтыншу, зэремыгъэзэшу.

ИкIэм-икIэжым, Мэжид сымэ хуэдэу, щIэпри «враг народа» хъуащ. Ар трасэныр колхозхэм прагъэчащ. Ауэ щIэп кIэсыжыр мо Самэдхэ я хадэу щытам хуэдэхэм иджыри щобагъуэ. Ар наркоманхэм ялъэгъуатэмэ, я IумацIэр къижынт. Ар мылицэм ящIатэмэ, мафIэ ирадзынти, зэтрагъэсхьэнт.

ЩIэпым и закъуэ враг народа ящIар сытми? Жылэ цIыкIур къуажэжьым щахужам враг народа хъуащ шыдхэри. А псэущхьэ тхьэмыщкIэхэр зэщIакъуэурэ маршынэм иракIутэрти, щIыпIэ жыжьэхэм яшэрт, фочыр я натIэм ираубыдэрти, яукIырт. Сыт щхьэкIэ? Шыдыгу зиIэхэм губгъуэм, гъуэгу напщIэхэм мэкъу IэмбатIэ къыщафыщIырт, гъавэр щыIуахыжкIэ кIэрыхуа гуэрхэр къащыпырт. Губгъуэм икIуэдэж хъунут, ауэ цIыхухэм къащтэ хъунутэкъым. Ар щрагъэгъэтын я мураду, къуажэм иIэ уэрамдэкIхэр е зэпратIыкIырт, е гъущI сэхитI хасэрти, абы гъущI шыкъуэтэн трагъэвэжырт. Абыхэми зыри къыщимыкIым, шыдхэр враг народа ящIащ. Шыдхэм кIэлъагъэкIуащ зэгуэр ГуащIэдэкIым и ЛIыхъужь цIэр зыфIащауэ щыта къулыкъущIэшхуэ куэди.

Враг народа жыхуаIэхэр абыкIи уха хъуакъым. Къантемыр и адэ ТIуш зэгуэр зыхэнауэ щыта Къуэнэфыжьри щыIэжкъым. Абы и бгъум и фIэбдзыр жану, и дакъэр лъэбакъуищплIы хъуну бгъуэуэ зэлъыIухауэ, вабдзэ ин трактор лъэщитIым падзэри, щIыр адэми мыдэми триуплIанщIэу къуэбэкъушхуэу, удэувэмэ укъыдэмыщыну, фочыкум хуэдэу захуэу иратхъухащ. Езы къуэ нэфыр ягъэсеижащ, уэтIым щIэта псыр щIэжрэ кIэнауэ куум зыщIишэу. Аракъэ Мачэдинэ щIыжиIауэ щытар: мафIэр дрелыпщIей, псыр нэхъ лъахъшапIэмкIэ йожэх. Абы удэкIуэтэнт. Къуэнэфыжьыр, пэж дыдэу, хэбгъэхьэ хъуну къыщIэкIынт враг народа зыфIащахэм. Ауэ хьэдыгъуэдахэщ псы цIыкIуитIым - КIэщIэкIэрэ Жьакъуэрэ - иращIар. Абыхэм я псы бэкъур вабдзэ инымкIэ дахэри, бетон хьэкхъуафэхэр далъхьащ. ИтIанэ щIы тратхъуэжащ. Зыуэ жыпIэнур аракъэ, псы цIыкIуитIыр дунейм тетыжкъым, щIатIащ, хьэдэм ещхьу щIалъхьащ. НэхъыфI ящIа хьэмэрэ нэхъ Iей? Дауэрэ щымытами, нашэкъашэу, дурэшхэр иIэу, абы шыудз къыщыпфыщI хъууэ, и Iуфэм Iута дейхэм, зэрыджейхэм дэ цIыкIу, зэрыджэ къыпыблэблу къыпыкIэу... А нэщхъеягъуэр япэ къыпфIощ. Бдзэжьейр хэзу а псы цIыкIуитIыр дунейм тетамэ, хэтыт зэран зыхуэхъур? ЯщIын хуеякъым ахэр враг народа. Уа, Къантемыр и сабиигъуэр щихьа и къуажэ цIыкIури враг народа хъуауэ арауэ пIэрэт? Арагъэнщ, икIэм-икIэжым езы Совет властри враг народа хъуауэ къыщыщIрагъэдзыжакIэ. Къэралым, Совет властым и мыгъуагъэ псори пащтыхь режимыжьым тралъхьэу къекIуэкIащ. Иджы демократ нэпцIхэм я мыгъуагъэ псори Совет властым тралъхьэ. Щхьэусыгъуэмрэ мыгъуагъэмрэ къыхэкIыу мы къэралым и цIыхур псэу щыхъунур сытым щыгъуэми хэт къэзыщIэнур?

* * *

ХЭКУМ и лIыщхьэхэм я зэхущытыкIэр дзэм къулыкъу щызыщIэхэм я зэхэтыкIэм ещхьщ. Ищхьэ дыдэм тетым мыдрейхэр псори едаIуэу, къулыкъукIэ зымащIэкIэ япэ ищам и псалъэр мыдрейхэм псоми ягъэзащIэу.

Къуажэ цIыкIур ирачу къыздикIам щахужа илъэсым Iэджэ къэхъуащ. Абы нэхъыщхьэр ягъэтIысахэр хуит къызэращIыжарт, лей къатехьауэ, екъуэншэкIауэ, жаIэу. ЕтIощIанэ-ещэщIанэ гъэхэм враг народа фIащу яукIахэр дэнэ кърахыжынт, ауэ мыдрейхэр яухеижат. Апхуэдэхэм яхэтащ Дисэ нанэ и пщыкъуэм и къуэ Беслъэни. Арагъэнщ бланэ щалъху йокIуэлIэж, щIыжаIэр. Дисэ нанэ Сыбыр щыкIуам Беслъэн щIалэ быртIым цIыкIут. Иджы Беслъэн щIалэ ахъырзэман къищIыкIат, лъагэу, набдзэ фIыцIэ-щхьэц фIыцIэу. И ныбжь нэсами, ар фызкъэмышэт.

Беслъэн япэ щIыкIэ къуажэжьым къыщызэтеувыIат, ауэ Дисэ нанэ псэууэ къыщищIэм, Бажэкъуэ къехащ. Дисэ нанэ и гуфIэгъуэм щIэ щIэттэкъым, ауэ ар кIыхьтэкъым: и ныбжьрат е насыпышхуэ къеуэлIэжар хуэмышчарэт, сытми, махуищ нэхъ зэбгъэдэмысауэ, фызыжьыр къызэIыхьащ. ЦIыхум и псэм ищIэу жаIэ сымаджэу щыхъужынумрэ уз къеуэлIам щихыжынумрэ. Дисэ нанэ Беслъэн зыбгъэдигъэтIысхьэри щэIуурэ жиIащ:

- Къэсащ, тIыкIуэ, си пIалъэр. Ажалым, псэхэхым сыкъыщыгъупщауэ къысфIэщIа щхьэкIэ, иджыри къэс сэ сыщIэмылIар уэ услъагъужыну арагъэнт. ГъащIэ Тхьэм къуит. Си унэри лъапсэри уэ къыпхузогъанэ, жысIэнути, ягъэхъыбархэр пэжмэ, мы къуажэ цIыкIур щыIэжынукъым. Сыт пщIэн? Дэ псы къиуам ихь къуэщIийм дрещхьщ. Си дауэдапщэр иридэпхыну сэ мылъку гуэрхэр сиIэщ. Жэмыр уэ пхузехуэну къыщIэкIынкъым. Сэдэкъэуэ схуэукIи сабийхэм егъэшх, къулейсызхэм, фызабэхэм яхуэгуэш...

- Нанэ, сыт уигу къэкIхэр? Уэ ухъужынущ, дэ иджыри дыпсэунущ.

- Хьэуэ, си тIасэ, сэ сишх мы дунейм телъыжкъым. Сызэпумыуд. Пхъэ кхъэщхьэдэсэ тIэкIуи схуэщI, пасэрейхэм зэращIу щытам ещхьу. А пхъэ сыныр фыхукIэ, кIуэдыжыхукIэ уи гум силъмэ аращ. Уи пщIыхьэпIэ сыкъыщыхэхуэкIэ, кIэнфет щхьэнтэ цIыкIум хуэдэ къэпщэхуурэ сабийхэм яхуэгуэш, гъэгуфIэ... Тобэ, сэ зыкIэ согуфIэри Гуэнгъазэ лъэпкъ щIагъуэр зэрыхэмыкIуэдэжам щхьэкIэ, абы я щылъхуу уэ узэрыслъагъужам щхьэкIэ...

- Нанэ, къысхуэгъэгъу, ауэ... Уэ Гуэнгъазэхэ уранысэщ, си адэ къуэшым урищхьэгъусэу щытащ. Уи гъащIэ, уи псэукIар... Хэтхэ урапхъут?

- Ар кIыхьщ, си щIалэ. Сэри лIакъуэлIэш унагъуэ срапIыкIат. Наурхэ. Си щхьэгъусэ хъуа, уи адэ къуэш Гуэнгъазэ Щыхьымджэрий пащтыхьыдзэм къулыкъу щищIащ. Зауэжьым и ужькIэ, бэлъшэвичхэр текIуащ щыжаIэм, ар зэ къэкIуэжри игъэзэжащ. Абы иужькIэ и хъыбар щыIэжакъым. Тхьэм ещIэ мыгъуэ ар щыкIуэдар...

- Бын фиIакъэ, нанэ?

- Сабий цIыкIуитI дгъуэтати... Алыхьым къызипэсакъым. Абы и унафэм хэт пэувыфын? ЩIалэ цIыкIуитIри мазэ бжыгъэ нэхъ мыпсэууэ лIэжахэщ. Ахэр шафихьэт быну сэ хьэршым къыщыспоплъэ. Си щхьэгъусэ Щыхьымджэрий ахэм хуэзэжами сщIэркъым. Апхуэдиз лъандэрэ и хъыбар щыщымыIакIэ, яхуэзэжауэ сэ къыспэплъэ къыщIэкIынщ... Ар къысщыгъупщэрти, си псэ. Си кхъащхьэдэсэм и фэр тех, хэмыкIэн щхьэкIэ. Иджы адэкIэ зыгъази, мы си бгырыпхыр зыщIэзгъэх... Сыбыр сыщыщыIам, си псэ, уэ зым фIэкIа и нэгу зэIухауэ зыри къызэплъатэкъым. Мыр уэ къыпхуэзгъэнэну уцIыкIуIуэт...

- Мыр сыт зищIысыр, нанэ?

- Дыщэщ, тIыкIуэ. Дыщэ кIапсэщ. Сэбэп къыпхуэхъунщ. Хьэдрыхэ дыщэ здахьыркъым...

Къуажэ цIыкIу щымыIэжым и кхъэ ябгынэжам яужь дыдэ щIалъхьар Дисэ нанэ и хьэдэрт. Къантемыр абы и кхъэщхьэдэсэм бгъэдыхьэри Iэ дилъащ. А фызыжьри, езым ещхьу, зеиншэу къилъытэрти, Къантемыр и гур щIэузырт.

(КъыкIэлъыкIуэнущ).

«Адыгэ псалъэм» и пощт

«Илъэсым и цIыхухэр къыхах» жиIэу «Адыгэ псалъэ» газетым тетащ тхыгъэ. Абы къызэрыхэщымкIэ, илъэсым и цIыху хъуащ «2007 гъэм и меценат» номинацэмкIэ Щхьэгуэш Адэлбий.

Щхьэгуэш Адэлбий и гъащIэр кIыхь Тхьэм ищI! Дэнэ сыт хуэдэ псапащIэ Iуэху щрагъэкIуэкIми ар зэрыхэтым къегъэлъагъуэ а щIалэм и мылъкум псапэ куэд зэрыхитыкIыр. ЗэрызэхэтхымкIэ, апхуэдэу мылъкушхуэ абы бгъэдэлъыжкъым, ауэ, итIани дэнэкIи нос, сабий зеиншэ, жьыкIэфэкIэхэр щапIыж унэхэм ядоIэпыкъу.

И мылъкур куэду Тхьэм хуигъэбагъуэ! А щIалэм и псэукIэм, и лэжьыгъэм теухуа тхыгъэ газетым къытхутевдзамэ арат. Мы зыри щIыдгъужыну дыхуейт, ярэби Щхьэгуэшым фIэкIа псапэ зыщIэ ди адыгэ щIалэхэм яхэмыту ара?

ЦIыхухэм ягу нос



ЛэжьакIуэфIхэр щыплъагъукIэ, гухэхъуэщ, иджыри цIыхуфIхэр зэрыщыIэм ущогуфIыкI. Апхуэдэщ Нэгъуей СулътIан. Нарткъалэ - Псыгуэнсу гъуэгуанэм тет автобусым и шофер СулътIан зэи къигъэхъуркъым и зэранкIэ зэманым къыщыкIэрыхурэ транспортым сэкъат игъуэтауэ гъуэгуанэм щытекIрэ, автобусым къитIысхьэхэмрэ езымрэ яку губжь къыщыдэхуэ. Пэжщ, автобус тIорысэр гъуэгум щызэпкърыщэщыну къыпщохъу, ауэ шофер IэкIуэлъакIуэм автобусыр къегъэщIэрэщIэжри, унафэщIхэм къафIэIуэхукъым къуажэдэсхэр зэрызекIуэ а машинэ закъуэм гулъытэ хуащIыну.

ФIыщIэшхуэ хуэфащэщ СулътIан. Абы хьэлэлагъэрэ гущIэгъуу бгъэдэлъыр, нэхъыжьхэмрэ хьэлъэ зыIыгъхэмрэ гулъытэу яхуищIыр къызэрупщын пщалъэ щыIэкъым, аращ фIыуэ щIалъагъури.

Ди зэманым къуажэдэсхэм я псэукIэ гугъур зыкъомкIэ ядэзыгъэпсынщIэ транспортыр автобусырщ, абыкIэщ бээзэрым яшэкъашэж хьэлъэхэр нэхъыбэм зэрагъэIэпхъуэр.

СулътIан и автобусым исхэр щыхуей дыдэм и деж къыщрегъэкI, нэхъ дэIэпыкъуэгъуншэхэм хьэлъэр къадеIэт.

Ди къуажэгъухэм СулътIан псалъэ гуапэ куэд хужаIэ. Иджы дыдэ Щхьэгъэпсэу Луцэ, Жэрыкъуэ Зое, Хьэсанэ Зое, Бэч Марусэ, Хьэсанэ Лалинэ сымэ къызэлъэIуащ шофер гуапэм теухуа фIыщIэ тхыгъэ «Адыгэ псалъэ» газетым къытрезгъэдзэну.

Ди къуажэгъу цIыхубзхэм я фIыщIэ псалъэм СулътIан теухуауэ иджыри зы Iуэхугъуэ сигу къагъэкIыжащ.

Зэгуэрым Нарткъалэ дыкъикIыжу зи ныбжьыр илъэс 80 хъуа Тамарэ жиIауэ щытащ: «Тхьэ а парт ягъэкIуэдыжам тхуиухуэну жыхуиIа коммунизмэр нэхъ псынщIэу къэхъунтэмэ, СулътIан хуэдэу псори гурэпсэкIэ я лэжьыгъэм пэрытамэ, цIыху къызэрыгуэкIым пщIэ хуащIамэ». Сыарэзыщ а нанэм жиIамкIэ.

Сэ слъэкIамэ, иджыри къэс зыми фIамыща «ЩIыхь зиIэ» е «ЦIыхубэ шофер» […]

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар КIЭБЫШЭ Лилэщ.

Псыгуэнсу къуажэ.

● Псапэ

ХуэмыщIам удэIэпыкъуну сыт и уасэ?

Ахэри щхьэ утыку къимыхьэрэ? Псори дыщыгъуазэщ къулейхэр, зылъэкIхэр куэду лъэпкъым дызэриIэм. Абыхэм я мылъкум псапэ хащIыкIмэ, адэ-анэм, лъэпкъым я щхьэр лъагэ ирихъунущ, езыми фIыщIэ хуащIынущ. АтIэ ар нэхъыфIкъэ?

Мылъку зыбгъэдэлъым псапэ ищIэну хуеймэ, щищIэну зэманщ нобэ. Къулейсызым, тхьэмыщкIэм, ныкъуэдыкъуэхэм я Iуэхур кIуэ пэтми нэхъ гугъу хъууэрэ зэрыкIуэм уи гур хегъэщI. АтIэ абыхэм уадэIэпыкъуныр сыт и уасэ? Щхьэгуэшым нэмыщI нэгъуэщI псапащIэ щIалэ диIэмэ, ахэри дывгъэцIыхуамэ арат.

Пенсэм кIуахэу

БЫФ Мулид, СЕМЭН Хьэбас, IЭГУЕЙ Ибрэхьим, ХЬЭМЫХЪУЭУэсмэн *сымэ.*

Бахъсэн къалэ.

● Зы Iуэхугъуэм теухуа тхыгъэ

ГъащIэми иIэщ ухыгъэ

Мыр стхын хуей щIэхъуам и щхьэусыгъуэр нобэрей гъащIэм емыкIурэ гуэныхьышхуэрэ зыпылъу къыщыхъу Iуэхугъуэщ. Ар ехьэлIащ адэ-анэхэм, жьы хъуауэ гущIэгъу зыхуамыщIыжхэм.

ЦIыху гъащIэр кIэщI дыдэщ, къузэритри зэщ, къэгъэщIэн хуейщ ар укъызыхэкIа лъэпкъым, укъэзылъхуам хуэфащэу, гущIэгъу, цIыхугъэ пхэлъу. Нэгъэсауэ адыгэщ къыпхужаIэу упсэумэ, ар насып псоми ящхьэжщ.

Сабийр анэ бгъафэм щIэлъыхукIэ сыт хуэдиз гурыщIэ а тIум зэхуаIэр? Анэ быдзышэмкIэ зызыгъэнщIа сабийр IэфIу анэ бгъафэм щожей.

Япэу школым щыкIуэм и деж сыт хуэдиз гуфIэгъуэ адэ-анэм яIэр? Нэм, псэм я быныр хуахь, щIэныгъэу щыIэр гукIэ хузэблах. Ауэрэ щIалэр лIы хъуащ, школри къиухащ. АбыкIэ зэфIэкIрэ? Дауи, зэфIэкIыркъым. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ етын хуейкъэ? Я шхыным къыдагъэхуэурэ, я къуэм еджапIэр кърагъэухащ. Ныси къыхуашащ…

Адыгагъэм хуэмыфащэу иджырей гъащIэм куэд къыщохъу. Я цIэ-унэцIэ къизмыIуэми, си тхыгъэр зытеухуа дадэмрэ нанэмрэ я закъуэкъым мыпхуэдэ Iуэхугъуэ къызыщыщIыр. Дадэр дунейм щехыжым, нанэ тхьэмыщкIэр лей къэ хъуащ. Ауэрэ сымаджэ щыхъум, бынхэри ари схузелъэфэнукъым, - жиIэу къэува нысащIэм щхьэгъусэр пэрыуакъым. Фызабэу къалэм дэс и шыпхъум хуадзыжащи, нанэр сабийхэм къахуозэш.

ЕтIуанэуи, мыпхуэдэ зы Iуэхугъуэ срихьэлIащ. Сымаджэщым къыздыщIэлъа фызыжьым уеплъамэ, уи гур игъэузырт. Гъур дыдэт, фейцейт, уэрамым лъаIуэу дэтым ещхьт. КъыкIэлъыкIуэ пхъуитIыр (ари зэзэмызэххэ) заIу-защIу апхуэдэт, къалэм дэст. «Долажьэ, ар жьы хъуащ, кIэлъыплъын хуейщ, дэ апхуэдэ зэман диIэкъым» жаIэрт пхъухэм. Хамэ къуажэ дэс я шыпхъум и деж анэр щагъэIэт. Мыр бынунагъуэшхуэт, нэхъ хуэмыщIауэ псэуи зэшыпхъухэм яхэттэкъым.

НэгъуэщI зым и къуитIыр къалэм дэсщ, нанэр и лъэм зэрихьэху хьэблэм зэрахьащ, и къуэхэм жьы хъуахэр щапIыж унэм иратыжыху. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, апхуэдэ щапхъэхэр куэду къыпхуэхьынущ. Апхуэдэу быным адыгэ лъэпкъ напэр трех, щIыхьыр егъэлъахъшэ.

Жьы хъуа, гъащIэ кIыхь зиIэ лIыжь-фызыжьхэр нахъапэхэм къабзэлъабзэу гъуэлъыпIэм исуу, балигъми сабийми ягъэлъапIэу, ягъэгуфIэу, ечэнджэщу, и псалъэм быныр щIапIыкIыу щытащ. Тхьэм и фIыщIэкIэ иджыри диIэщ, апхуэдэ жьыщхьэ махуэхэр, диIэщ быныфIхэри нысэфIхэри. Ауэ итIани, ищхьэкIэ зи гугъу сщIам хуэдэхэр лъэпкъым къызэрыхэкIыр гуауэщи, апхуэдэхэри Тхьэм зыщIигъэгупсысыж. Нобэ жьы хъуам хуэпщIэр уэ зэгуэр къызэрыплъысыжынур хьэкъыу ппхыкIауэ упсэумэ, гуэныхьи бэлыхьи къэпхьынкъым!

КЪУЩХЬЭБИЙ Нусэ.

Новэ Хьэмидей къуажэ.

Жьым и гуапэ дывгъэщI

Тэрч куейм хыхьэ Астемырей (Акъбащ Ипщэ) жылэм щыпсэу Дадэ Лимэжан и ныбжьыр илъэси 100 зэрырикъур ягъэлъэпIэну а махуэм хьэщIэуи хагъэреуи куэд кърихьэлIат.

ГуфIэгъуэ Iэнэр ерыскъы зэмылIэужьыгъуэ куэдкIэ узэдат. Нанэ Iумахуэм къыбгъэдыхьэурэ псори къехъуэхъурт.

Псалъэ ират Лимэжан и бынхэм я нэхъыжь Хьэшим: «Ди анэр пасэу дунейм ехыжри, анэншэу дыкъэнат, арщхьэкIэ Тхьэм гущIэгъу къытхуищIри, нобэ фи пащхьэ ис мы нанэр анэ папщIэу къыдитащ. ДыкъимылъхуауэдимыгугъэуидипIащ, дыкъигъэхъуащ, гъэсэныгъэ, цIыхугъэ къызэрытхилъхьэным яужь итащ. Дэри хуэфащэ пщIэрэ нэмысрэ хуэтщIу апхуэдэщ. Иджыри куэдрэ узыншэу Тхьэм къытщхьэщигъэт».

Нанэм папщIэ псалъэ дахэ жызымыIа къызэхуэсахэм яхэтакъым. КъилэжьащарабыихьэлщэнымкIэ, и дуней тетыкIэмкIэ.

Лимэжан къуэрылъхупхъурылъхухэм, абыхэм я быныжхэм я нэм, я псэм хуахь. Зи ныбжьыр илъэсищэ ирикъуа нанэр ноби хадэм йолэжьыхь, пщIантIэм щопэщащэ. Нанэм и щIэблэм яжреIэ: «Хабзэрэ цIыхугъэрэ зыхэмылъым насыпи фIыгъуи къеуэлIэнукъым, фыкъызыхэкIа лъэпкъыр зыщывмыгъэгъупщэ … ».

Жьыгъэр псоми къытпэщылъщ, ар зыщыдмыгъэгъупщэу, жьы хъуам и гуапэ дывгъэщI!

ХЪЫМБЭЗЭР Рашид.

Инарыкъуей къуажэ.

Зэщхьэгъусэхэм я зэхущытыкIэм сызэреплъыр

● Унагъуэ

ЕджапIэ нэхъыщхьэр къызухащ, унагъуэ сихьэну зызогъэхьэзыр. Мы си тхыгъэр зытеухуар зэщхьэгъусэхэм я зэхуаку дэлъу слъагъу зэхущытыкIэмрэ ар зэрыщытыпхъэу къэслъытэмрэщ.

Си адэ-анэр зэгурымыIуэу е зэрыужэгъуауэ схужыIэнукъым. Ауэ гурыщIэ зэхуаIэуи гу лъыстэркъым. Зэи слъэгъуакъым ди адэм псалъэ дахэ ди анэм жриIэу. Е щыгъынищIэ щитIэгъамэ, фIы дыдэу уокIу, нобэ сыту удахэ, жриIэу. Хьэмэрэ, нобэ сыту IэфIу упщэфIа, псалъэ гуапэхэр къыжьэдэкIауэ зэхэсхакъым. Си анэр къыщалъхуа махуэмкIэ ехъуэхъуу, е зыщыгуфIыкIын гуэр къыхуищэхуу и хабзэкъым.

Си анэри си адэм нэхъ бэлыхь у хущыту с хужыIэнукъым. Хуожьыщ Iэ, екIуу, къабзэ лъабзэу кърегъэкIуэхь, армыхъуамэ, фIыуэ илъагъуу, ар зыхригъэщIэну хущIэкъуу щыткъым. Аращи, зэдопсэу а тIур, зэмыщIыIэкIыу икIи зэмыхуэбэкIыу.

АбыкIэ зэфIэкIрэ? Ди цIыхубзхэр къыщIыхьэжа ялIхэм гуапэ у щхьэ пемыжьэрэ? ГурыщIэ зэх уаIэр ябзыщIу, абы теукIытыхьурэ щхьэ а зэхущытыкIэ лъапIэр ягъэкIуэдыжрэ?

Си дэлъхум къишащи, нысащIэм зэрыхущытыр си адэр си анэм зэрыхущытым хуэдэ дыдэущ. Сэ абы сыхуейкъым.

«Унагъуэ сихьащи, зэфIэкIащ»,- жысIэу косметикэ къэзгъэсэбэпыни щыгъын дахэкIэ унэм сыщIэсыни къэзгъэнэнукъым. СызэреплъымкIэ, быным ялъагъуу, зэхахыу зэщхьэгъу сэхэм зым псалъэ гуапэ адрейм жриIэн хуейщ. А тIур фIыуэ зэрызэрылъагъур, фIыуэ зэрызэхущытыр кърещIэ псоми, нэхъыфIри аракъэ?

Дауи, цIыхубзым и щхьэгъусэр къызэрыхущытым куэд елъытащ. ЛIым къыщыфIэмыIуэхукIэ, щышхыдэнум деж фIэкIа гу къыщылъимытэкIэ, цIыхубзри хуэм-хуэмурэ и унагъуэ фIэкIа и щхьэр къыфIэмыIуэхуж мэхъу. ИтIанэ, лIыр зызыгъэщIэращIэ цIыхубзымкIэ еплъэкIын щIедзэ. Мыбдежым тIури къуаншэу къысщохъури, сэ апхуэдэ си щхьэ кърикIуэну сыхуейкъым.

Маринэ.

(Пщащэм и унэцIэр ибзыщIмэ нэхъ къищтащ).

Узэгупсысын Iуэху

Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ щрикъу махуэшхуэхэм ирихьэлIэу республикэм къыщалъхуа сабийхэм телевизоркIэ зэрытепсэлъыхьар хъарзынэщ. Тхьэм къигъэхъухэ! ЩIэблэ къыпхуэхъун нэхъ гуфIэгъуэ сыт щыIэ?

Абы къигъэлъэгъуа анэхэм ящыщ зыщ си тхыгъэр зытеухуари. И сабийр сымаджэу дунейм къытехьати, сом минищэ и уасэ хущхъуэ къищэхун хуей хъуащ, - жиIащ нэтыныр езыгъэкIуэкI журналистым. «Ауэ, пещэ и псалъэм, - езы дохутырхэм зэрыжаIэмкIэ, ар сытым щыщ, цIыху гъащIэм еплъытмэ»…

Пэжщ, цIыху гъащIэм пэхъун уасэ иджыри зыми къигупсысакъым, апхуэдэ щыIэнуи къыщIэкIынкъым. Фи нэмыс нэхъ лъагэ ухъуи, сэри сыпоплъэ сабий. Аращ апхуэдэу абы сыщIигъэпIейтеяр. Сом минищэр ди республикэм щыпсэухэм я дежкIэ ахъшэшхуэщ. Ар а нысащIэм къимыгъуэтамэ, мазибгъукIэ зэрихьа, нэхъуеиншэу зыпэплъа сабийр фIэкIуэдыну арат? Сэ апхуэдэ Iуэху къысхукъуэкIрэ, си сабийм сэбэп сыхуэмыхъуфмэ, апхуэдиз ахъшэр къысхуэмыгъуэтмэ, дауэ сыхъуну? Езы дохутыр, медсестрахэм ептын хуейм нэмыщIкIэ, апхуэдиз ахъшэ зэи зэрызмыгъуэтынум сэ шэч къытесхьэркъым.

Н. Людмила.

Дунеягъэми жьыхьэнмэ щыIэщ

БЫН гузэвэгъуэ Тхьэм димыгъэлъагъукIэ, жызымыIэ адэ-анэ щыIэу къыщIэкIынкъым. Сыт хуэдэ лажьэри уэ къызэбгъэуэлIэнущ, уи быныр пхъумэн папщIэ. Ауэ наркотикыр нэрыгъ зыхуэхъуу зи щхьэр мыхъумыщIагъэм икуда уи быным зыри щыпхуемыщIэжым и деж ар зэбгъэщхьыну гузэвэгъуэр къэгъуэтыгъуейщ:

«Зэ зымыIуэтэж щыIэкъым» - жыхуаIэм сыпэплъэурэ, си ныбжьыр хъарзынэу хэкIуэтащи, адэкIэ гъащIэм фIы гуэр къысхуихьыну сыщыгугъыжыркъым.

Илъэс 18 сыщыхъум зэи семыпсэлъауэ икIи сыхуэмейуэ щхьэгъусэ схуэхъуам сихьащ. СыкъыщIэкIыжынут, арщхьэкIэ ди деж щамыдэм, сыт сщIэнт, сыкъинащ. Зэшыпхъуитхум нэхъыжьыр сэрати, тIIыным хэкIынщ жаIэри, си адэ-анэр сыщашэм гуфIат.

Си щхьэгъусэм илъэсищ иримыкъу фIэкIа сыдэмыпсэуауэ, кIуэдащ. ПщэдджыжьымлэжьапIэдэкIамкъигъэзэжакъым. Сыхэт сэ, сыфызабэ, хьэмэрэ сымыфызабэ жысIэурэ Iэджэрэ сызэупщIыжащ. Лъыхъуи сиIащ. СыдэкIуэжыну, цIыхухъу къысщхьэщытыну, сыкъилъагъуну, сыкъилъытэну сыхуеящ. АрщхьэкIэ «си сабий закъуэр хамэ сабийуэ фIэкIа къыщымыхъумэ дауэ?» - жысIэри дзыхь сщIакъым.

Iэщ IагъэIэ, щIэныгъэ щызимыIэкIэ къысхуэнэжыр зыти, щэн-къэщэхуным сыхыхьащ. ЩIалэ цIыкIур си анэм къыхуэзгъанэурэ сежьащ. Иджы бэзэрым сытетщ.

Насыпуи гуфIэгъуэуи сиIар, нобэми сиIэр а си щIалэ закъуэращ. Ауэ насыпкIэ сыщыгугъами къысхуихьар гузэвэгъуэщ.

Мастэм щытрагъэтIысхьам илъэс 13-м иту арат. Сэ абы бэлыхьу дэсшэчамрэ згъэхъужын папщIэ мылъкуу тезгъэкIуэдамрэ ущIэмыупщIэ. ПIалъэ хъарзынэ щыдихым и деж согуфIэ, хьфIидзэжыпа си гугъэу. АрщхьэкIэ къыщIедзэж. Наркотикыр щызримыхьэлIэм и деж си гугъуехьыр къыгурыIуэу, IэплIэ къысхуищIу, «дяпэкIэ си анэ гугъу уезгъэхьыжынкъым» - жиIэу, схуэжыщIауэ, схуэпщэфIауэ сыкъригъэхьэлIэжу апхуэдэщ. АрщхьэкIэ къыщIедзэжри, жыхьэнмэм аргуэру сыхохьэж…

Сэ схуэдэу наркотикым и зэранкIэ быным игъэгуIэ адэ-анэр мащIэкъым. АбыкIэ сызыхуейри, си тхыгъэр къыщIезгъэжьари цIыхубзхэм адэ-анэу гуIэж псоми я нэлатыр Тхьэм къатригъахуэ!

Зым и хьэзабым къыщIэпх мылъкур хьэлэл пхуэхъуну жызыIар хэт? Сыт хуэдэ хьэпшыпи ерыскъыи щэ, абы гуэныхьи хьэзаби пылъкъым. Ауэ цIыхум и акъылыр зэзыгъэкIуэкI, ищIэр имыщIэжу зэIызыгъэхьэм къыщIэпх сомыр зэи хьэлэл зэрыпхуэмыхъунур зыщамыгъэгъупщамэ нэхъыфIт. И бынхэмкIэ, абыхэм я быныжхэмкIэ а хьэзабыр къапемыкIуэкIыжыну шэсыпIэ ихьэфынур хэт?

КЪУ. Iэнусэ.

● ФIыщIэ

Узыншагъэм и хъумакIуэ гуп дыгъэл

Къулькъужын Ищхъэрэм 1939 гъэ лъандэрэ дэтщ сымаджэщ. А зэманым кърииубыдэу абы дохутыр нэхъыщхьэу куэд щылэжьащ. Псалъэм папщIэ, АбытIэ Латмир, Гъуэтыж Хьэрэбий сымэ.

1978 гъэм щыщIэдзауэ дохутыр нэхъыщхьэу IэнатIэр иIыгъщ Ныр Владимир Пщынокъуэ и къуэм. Си гуапэу я гугъу сщIыну, ди газете джэхэм къезгъэщIэну сыху ейщ мыбы щылажьэ г упыр зылI и быну, зэгурыIуэ-зэдэIуэ жу зэрызэдэлажьэр.

Сымаджэщым ущIыхьэмэ, къыпхуэзэ дэтхэнэри гуапэу къыпIуощIэ, къыпщIоупщIэ, уи упщIэм и жэуапыр къозытыфынур къыбжаIэ. Мыбы щылажьэхэм ящыщщ АфIэунэ - Мэремкъул Iэсият. Ар педиатрщ, цIыху гуапэщ. Пенсэм кIуэ хукIэ дохутыру лэжьа и анэм ещхьу, жэ уаплыгъэ хэ лъу бгъэдэтщ и къалэным. Дох утыр-эпидемиолог Татым Хьалид школым щыщIэсми фIы дыдэу еджэу щытати, IэщIагъэфIи зригъэгъуэтауэ мэлажьэ. Щытхъу яIэу я Iуэхум пэрытщ акушер-гинеколог КIэнэт Оксанэ, участковэ терапевт Ныр Риммэ, медсестра Емкъуж ФатIимэ, «ДэIэпыкъу эгъу псынщIэм» щыIэ Бэлагъы ФатIимэ, ПщыхьэщIэ Тобий сымэ. ДэIэпыкъуэгъу псынщIэм и псынщIэжщ ФатIимэрэ Тобийрэ я лэжьэкIэр.

Мы гупым я лэжьэкIэр къызэзыгъэпэщ Ныр Владимир и унагъ уэ дахэм щхьэщыту к уэдрэ тхуэ узыншэну сохъу эхъу. Узыншэ фыхъу, гуп дыгъэл!

КЪЭЗАКЪ Сэфарбий.

Къулькъужын Ищхъэрэ къуажэ.

● Щапхъэ

Нэгумэ Замир и IуэхущIафэ дахэ

ЦIыхум гулъытэ хуэщIыным, зи Iуэху дэмыкIым зыщIэгъэкъуэным нэхърэ нэхъ псапэшхуэ щыIэу къыщIэкIынкъым. Жумартыгъэм и апхуэдэ нэщэнэщ Налшык Чернышевскэм и цIэр зезыхьэ и уэрамым щащIа псэупIэ унэ зэтетхэм я пщIантIэшхуэм мы махуэхэм щыплъагъур. КъызыфIэIуэху щымыIэу екIуэкIа мы унихым щыпсэухэм зэрагъэщIэгъуэнур ямыщIэу икIи гуапащэ ящыхъуу кIэлъоплъ я пщIантIэм, бжэIупэхэм щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэфIхэм. КъызэрыщIэкIымкIэ, ахэр зи Iэужь дахэр а унэхэм ящыщ зым, и унагъуэр и гъусэу, щыпсэу хьэрычэтыщIэ щIалэ жан Нэгумэ Замирщ.

Чернышевскэм и уэрамым тет унэхэу №№ 268-278-хэм щIэс унагъуэ 600-м нэсым ящIэжыркъым апхуэдэ гулъытэ къыщыхуащIа зэман щыIауэ. ПщIантIэшхуэм узэрыдыхьэу укъызытехутэ гъуэгур къиударэ кумблIэмбу, адэ-мыдэкIэ пхъэнкIийр щылъэ, ар и чэзум зэщIамыкъуэу екIуэкIащ иджыри къэс. КъинэмыщIауэ, апхуэдиз унагъуэм ис сабийхэр щыджэгун щIыпIэ хэха е абы хуэгъэпса ухуэныгъэ гуэри пщIантIэм щыплъагъуу щытакъым. КIэщIу жыпIэмэ, «Шанхайк Iэ» зэджэу щыта хьэблэ цIыкIур и фIэщыгъэцIэм хуэкIуэ дыдэут зэрыпсэур, зыми къыфIэмыIуэху щIыпIэ бгынэжахэр уи нэгу къыщIигъэхьэу.

- Газетхэм мызэ-мытIэу дытхат, ди псэукIэ мыхъумыщIэмкIэ дымыарэзыуэ. ТхуэщIэнурати, илъэситIщы япэкIэ дэ ди мылъкукIэ ди щIыхьэпIэхэр, кIэлындорхэр зэрыхъукIэ зэпэщ тщIыжат, ауэ пщIан тIэм тхуещIэIатэкъыми, дигу къеуэрт абы и теплъэ хьэлэчыр.

ПщIантIэмрэ унэшхуэ хэмрэ я щытыкIэр зигу къеуэхэр куэд хъуми, ар егъэфIэкIуэжыным яужь ихьэфар гудзакъэ зыхэлъ Нэгумэрщ. И ныбжьэгъу ЛIыхъурей Аслъэн и гъусэу, зэман кIэщIым кърииубыдэу абы зэпэщ ищIащ автобус къэувыIэпIэм ухуэзышэ лъагъуэр, сабийхэм я джэгупIэр, унэ зэтетхэм я щIыхьэпIэхэр, бжэхэр. Псы къызыпхыкI унащхьэхэр зэрагъэпщыжащ. Хэлъэт зиIэ щIалэхэм щIэгъэкъуэн къахуэхъуащ хьэрычэтыщIэ цIэрыIуэ Къуэжокъуэ Артур. Апхуэдэу къалэ администрацэм, унэхэр зи пщэрылъ ЖЭК-м я IэщIагъэлIхэми, лъэныкъуэегъэз замыщIу, ялъэкIымкIэ щIалэ жанхэм сэбэп къахуэ хъуащ.

- Лэжьыгъэу дубзыхуахэм я гъунэ ит лъа къудейщ. Унэ зэтетихми я фундаментхэр зыхуей хуэдгъэзэжынущ, япэ къатхэм я блынхэр зетхьэнущ, пщIантIэм и лъэс лъагъуэ хэмрэ гъуэгу цIыкIухэмрэ асфальт тредгъэлъхьэнущ, удз гъэгъахэмрэ жыгхэмрэ дэнэкIи щыхэтсэнущ. Апхуэдэу псы фIейр зэрыз икIи аргъуейхэм яуфэбгъуа щIыунэхэр, цIыхухэм къагъэсэбэп хъууэ, зэпэщ тщIыжынущ, щхьэгъубжэ лъабжьэ дыдэм кIэщIэт пхъэнкIий идзыпIэхэри нэхъ жыжьэIуэу зэрыдгъэIэпхъуэнум догупсыс. А лэжьыгъэм санэпидстанцым и лэжьакIуэхэри къетшэлIэну дигу илъщ, - жеIэ Замир. - НыбжьыщIэхэм папщIэ спорт ут екIу щIынми яужь дихьэнущ. Ди мурадхэмкIэ дыдэгуэшащ ди Президентым. Абы къыддеIыгъ цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIа ди жэрдэмхэр.

ЦIыху къызэрыгуэкIым и псэукIэмрэ гупсысэхэмрэ зыгъэнэхъапэ ди Президентым, езым зэрыжиIащи, сыт щыгъуи щIэгъэкъуэн хуэхъунущ хэкупсэ нэсхэм, гущIэгъурэ гудзакъэрэ зиIэ цIыху жанхэм. Нэгумэм и псалъэхэри щыхьэт тохъуэ абы. Псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, гуапэщ адыгэхэм ди лъэпкъ нэщэнэфIхэм ящыщу псапэ щIэныр иджырей гъащIэ зэрыхьзэрийм зэрыхэмыкIуэдар, зи мылъку хьэлэлкIэ цIыхухэм защIэзыгъакъуэхэр зэрымымащIэр.

- Мы махуитI-щым ди пщIантIэм игъуэта зэхъуэкIыныгъэхэм псэр егъэгуфIэ, - жаIэ унэ зэтетхэм щыпсэухэм. - Псом хуэмыдэу ди сабийхэм я дэрэжэгъуэр инщ. Абыхэм папщIэ яухуа джэгупIэ ут цIыкIур икъукIэ дахэщ икIи зэпэщщ. Мы Iуэхугъуэхэм я жэрдэмщIакIуэ Нэгумэ Замир, гуфIэгъуэрэ псапэкIэ къытхуэупса щIалэщIэм, гъащIэ кIыхь, насыпыфIэ Тхьэм кърит. Упсэу, Замир!

Чернышевскэ уэрамым тет псэупIэ унэхэу №№ 268-278-хэм щыпсэухэм я цIэкIэ

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Футбол

ДжэгугъуихкIэ къыхагъэкI

Судьяхэм сыт хуэдэ унафэ ящIами уедауэ, псом хуэмыдэу, уепщэфыIэ зэрымыхъунур къыгурагъэIуащ «Спартак-Налшыкым» и гъуащхьэхъумэ Шумейкэ Виталий.

ДИ ЩIАЛЭХЭМ иужь у «Сатурным» Налшык щыдрагъэкIуэкIа зэIущIэм и етIуанэ Iыхьэм Шумейкэ зэуа топыр хьэщIэхэм ящыщ зым и Iэм техуэри, гъуэм дыхьащ. Ар зымылъэгъуа судьям топыр хибжащ. Псом нэхърэ нэхъ гъунэгъуу абдежым щыта ди гъуащхьэхъумэм Iуэхур зытетыр къагуригъэIуэну губжьауэ иужь ихьащ икIи судьям бгъэдэлъадэри, жиIэр къыщыгурымыIуэм, и натIэр абы ейм пэщIигъэкъуащ. Уеiу сэн дэнэ къэна, уепсэлъэну узыхуимыт топджэгу хабзэхъумэм ар, дауи, джэгум къыхихуащ.

ИужькIэ зэхэта Урысейм и Профессионал Футбол Лигэм и Къэзыпщытэ-дисциплинарнэ комиссэм хэтхэм я зэIущIэм и унафэр тк Iийт - къыкIэлъыкIуэ джэгугъуихым Шумейкэ хэтыну хуиткъым.

Пэжщ, а пIалъэм и ныкъуэр зэфIэкIа иужькIэ, ди командэр лъаIуэу, а унафэм хигъэплъэж хъунущ. Апхуэдэм и деж къуэншам и тезырыр щагъэмащIэ щыIэщ.

ЖЫЛАСЭ Заур.

● КъБР-м и МВД-м къет

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм и сайтым

къыщывгъуэтынущ республикэ милицэм, абы и унафэщIхэм, хабзэхъумэ лэжьыгъэр зыхуэдэм теухуа хъыбархэр. Апхуэдэу интерактив щIэупщIэныгъэм фыхэт, фи чэнджэщхэр къыхэфлъхьэ хъунущ.

Интерне тым щыдиIэ ди хэщIапIэр: **www. mvd-kbr.ru**

Апхуэдэуи фигу къыдогъэкIыж КъБР-м щыIэ МВД-м дзыхь зрагъэз телефон зэрыщылажьэр. Абы и номерыр: **49-50-62.**

Хъыбар нэпцIым папщIэ жэуапым ирашалIэ

КъБР-м щыIэ МВД-м и плъыр IуэхущIапIэм «02» телефонымкIэ Ленинымрэ КIыщокъуэмрэ я уэрамхэм я плIанэпэм тет таксофоным кърат ыкIыу хъыбар къыIэрыхьащ «университетым шынагъуэ гуэр къызэрыщыхъ унум» теу хуауэ. КъБКъУ-м кIуащ Налшык къалэ округым и 2-нэ ОВД-м Iуэхур зэхэзыгъэкI и гупыр, ОМОН-м, УФСБ-м, МЧС-м я лэжьакIуэхэр, «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэм» и гупыр. ЕджапIэ корпусхэм цIыхухэр къыщIагъэIэпхъукIащ. Ауэ шынагъуэ пылъу къыпщыхъун Iэмэпсымэ гуэри къыщагъуэтакъым.

Къэпсэлъар къагъуэта иужь УФ-м и УК-м ипкъ иткIэ суд Iуэху къаIэтынущ, террорист хьэгъэщагъэ ягъэхьэзыру къата хъыбар нэпцIыр зэхагъэкIыным трагъэкIуэда мылъкур ирагъэпшынын папщIэ.

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-IуэхущIапIэ.

Илъэс 37-рэ фIэкIа къимыгъэщIауэ дунейм ехыжа Къумал Заур Хьэгуцырэ и къуэр **зэи дигу ихунукъым, абы и благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ дахуогузавэ.**

Ныбжьэгъу гуп.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Журналистхэм я союзыр Урысейм и Журналистхэм я союзым хэт Биттировэ Тамарэ Шамшудин и пхъум **хуогузавэ абы и щхьэгъусэ** Кубадиев Адэлбий Тенджыз и къуэр **зэрылIам къыхэкIыу.**

КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзыр Урысейм и ТхакIуэхэм я союзым хэт Биттировэ Тамарэ Шамшудин и пхъум **хуогузавэ абы и щхьэгъусэ** Кубадиев Адэлбий Тенджыз и къуэр **зэрылIам къыхэкIыу.**

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Жыласэ Маритэ, Ныбэжь Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Шал Мухьэмэд.**



ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта IуэхугъуэхэмяпэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щэнымкIэ жэуап ехь КъБР-м и “Роспечать” АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

КъБР-м Щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и министерствэм 1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

***Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ:* жэуап зыхь секретарь Гъурыжь Мадинэ, редактору Тхьэмокъуэ Барэсбий, корректорхэу Афэ Тамарэ *(3,4-нэ нап.)*, Щоджэн Иннэ *(1,2-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Иуан Заирэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ:* ГъукIэлI Рае, ЩакIуэ Мадинэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, *сурэтыщI* Бицу Жаннэ.**

Номерыр “Адыгэ псалъэм” и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щытрадзар сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 10.045 ● Заказ №2887